**ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**ТАРИЙХ ҲӘМ ҲУҚЫҚ ФАКУЛЬТЕТИ**

**Ҳуқықтаныў кафедрасы**

# ПИТКЕРИЎ ҚӘНИГЕЛИК ЖУМЫСЫ

## Тема: «Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң ҳуқықый жағдайын шөлкемлестириў мәселелери»

**Орынлаған:** **Ж.Узақбаев**
тарийх-ҳуқық факультети юриспруденция қәнигелигиниң 4-курс студенти

**Илимий басшысы:** **Е.Қутыбаева**
Ҳуқықтаныў кафедрасы профессоры, юридика илимлериниң докторы

Питкериў қәнигелик жумысы кафедрада алдын ала қорғаўдан өтти.
(2015 жыл _ _____ _- санлы баянламасы)

Кафедра баслығы ў.ў.а___________ И.Матжанов

Факультет деканы ____________ А.Алламуратов

**Нөкис-2015.**

## Мазмуны

**Кирисиў………………………………………………………… ….3**

**I Бап. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси-конституциялық-ҳуқықый институт сыпатында**

§ 1. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары системасындағы орны, әҳмийети ҳәм ҳуқықый тәбияты……………………………………………………………………6

§ 2. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң ўәкилликлери……………………………………………………………………17

§ 3. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң ҳуқық дөретиўшилик хызмети……………………………………………………25

Биринши бап бойынша жуўмақ.......................................................................33

**II Бап. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары менен өз-ара мүнәсибетлери**

§ 1. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси менен Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси арасындағы өз-ара мүнәсибетлердиң шөлкемлестириўшилик-ҳуқықый тийкарлары…………34

§ 2. Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинети менен Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң өз-ара мүнәсибетлери……………………………………………………45

§ 3. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң орайлық мәмлекетлик басқарыў уйымлары ҳәм де жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары менен өз-ара мүнәсибетлери…………………………………….51

Екинши бап бойынша жуўмақ.......................................................................58

**Жуўмақлаў…………………………………………………………..…..59**

**Пайдаланған әдебиятлар дизими…………………………………62**

## Кирисиў

**Теманың актуаллығы.** XX әсирдиң ақырларына келип Өзбекистан Республикасының мәмлекетлик ғәрезсизликке ҳәм миллий азатлыққа ерисиўи халқымыз қәлбин шексиз қуўаныш ҳәм мақтанышқа толтырды. Ғәрезсизлик Қарақалпақстан Республикасының Өзбекистан Республикасы қурамында өзиниң миллий суверенитетин қолға киргизиўине тийкар жаратты.

Бурынғы Аўқам дәўиринде Қарақалпақстан мәмлекетшилигине болған итибардың жетерли емеслиги оны раўажланыў дәрежеси ең төмен үлкеге айландырып қойған еди. Сонлықтан да сиясий, социаллық-экономикалық ҳәм мәнаўий раўажланыў бойынша топланып қалған машқалаларды шешиўде ең әдалатлы жол белгиленип, бир топырақ, бир мәканда жасап келген өзбек ҳәм қарақалпақ халықлары өз тәғдирлерин биргеликте жаратыў жолын таңлады. Қарақалпақ халқы миллий мәмлекетшилик тийкарларын қурыўда шын мәнисиндеги сиясий, экономикалық ғәрезсизликке өзбек халқы менен биргеликте еристи ҳәм өзиниң айдын келешегин орнатыўға киристи. Бурынғы аўқам дәўиринде Қарақалпақстанның ҳуқықый статусы автономиялы республика шеңберинде белгиленетуғын еди. Өзбекистан Республикасы ғәрезсизликти қолға киргизгеннен кейин, Қарақалпақстанның статусы автономиялы республикадан суверен республика дәрежесине көтерилди.

Қарақалпақстан миллий мәмлекетшилигиниң қәлиплесиў тарийхына нәзер тасласақ, дәслеп автономиялы ўәлаят, соң автономиялы республика сыпатында Өзбекистан ССР қурамына кирген ҳәм кейин ала Өзбекистан қурамында 1990-жыл 14-декабрьде мәмлекетлик суверенитетин жәриялаған. Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик суверенитети ҳаққындағы декларациясы Республиканың мәмлекетлик статусын және де раўажландырыўға кең жол ашып берди, яғный, Қарақалпақстан Республикасының жаңа Конституциясын қабыл етиўге ҳуқықый тийкар

болды. «Тийкарғы нызамымыз, – дейди Президентимиз Ислам Каримов, – Өзбекистан қурамындағы Қарақалпақстан Республикасының статусын тән алады ҳәм оның суверенитетин қорғайды»[1].

Қарақалпақстан Республикасында дәслепки жыллардан баслап ҳәкимиятлардың бөлистирилиўи принципи тийкарында атқарыўшы ҳәкимият хызметиниң ҳуқықый тийкарларын жетилистириў зәрүрлиги жүзеге келип, бул машқалаларды шешиўдиң концептуал тийкарларын ислеп шығыў юридика илимлериниң жуўапкершилигине анық ўазыйпаларды жүкледи. Ҳәкимшилик реформалардың жаңа басқышы саналған мәмлекет басқарыўын модернизациялаў ҳәм де ҳәкимшилик нызамшылықты және де жетилистириўден ибарат болған бул процесслер өзинде теориялық идеяларды әмелге асыратуғын концептуал жантасыўды талап етеди.

Өзбекистан Республикасы Президенти И.А.Каримов 2015 ж. 23 январьда өткен Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палата ҳәм Сенаттың қоспа мажлисинде өз баянатында қабыл етилген нызамлардын орынлаўында атқарыўшы ҳәкимият уйымларының жуўапкершилигин еледе күшейтиў зәрүрлигин атап өтти.[2]

**Изертлеў мақсети ҳәм ўазыйпасы.** Қарақалпақстан Республикасы мәмлекетлик ҳәкимиятының ғәрезсиз тармағы болған атқарыўшы ҳәм басқарыўшы жоқары уйымы – Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң мәмлекет басқарыўындағы хызметин реформалаў ҳәм де модернизациялаў процесслери шеңберинде илимий-теориялық изертлеў әҳмийетли бағдарлардың бири есапланады. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси хызметиниң жәмийет ҳәм мәмлекет турмысының барлық тараўларына тәсир етиўинен келип шығатуғын болсақ, ол қурамалы ҳәм көп қырлы дүзим екенлигине гүман жоқ. Мине, усы хызметтиң нәтийжелилигин арттырыў, өз гезегинде, кең қамтыўлы илимий изертлеўлер алып барыўды талап етеди.

---

[1] Каримов И.А. Биздан озод ва обод Ватан қолсин. Т. 2. – Т., 1996. – 98-б.

[2] И.А.Каримовтың Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палата ҳәм Сенаттың қоспа мажлисиндеги баянаты. 2015 ж.23 январь.- Еркин Қарақалпақстан, 2015 ж.,27 январь.

**Изертлеўдиң объектин** төмендегилер қурайды: 1) Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары системасындағы орны, әҳмийети ҳәм ҳуқықый тәбияты; 2) Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң ҳуқық дөретиўшилик хызмети; 3) Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси менен Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси арасындағы өз-ара мүнәсибетлердиң шөлкемлестириўшилик-ҳуқықый тийкарлары; 4) Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинети менен Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң өз-ара мүнәсибетлери.

Изертлеўди әмелге асырыўда системалылық, машқалалы-мақсетли, салыстырмалы-ҳуқықый, әмелият нәтийжелерин улыўмаластырыў, формал-юридикалық, логикалық жантасыў ҳәм илимий билиўдиң басқа **усылларынан** пайдаланылды.

**Изертлеўдиң теориялық тийкарларын** Өзбекистан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың ҳуқықый демократиялық мәмлекет қурыў процессинде атқарыўшы ҳәкимият уйымларының орны ҳәм ролине тийисли пикирлери, көрсетпелери ҳәмде усы теманың ҳәр қыйлы тәреплери бойынша изленислер алып барып атырған мәмлекетимиз ҳәм сырт елли алымлардың мийнетлери қурайды.

## I Бап. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси – конституциялық-ҳуқықый институт сыпатында

### § 1. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары системасындағы орны, әҳмийети ҳәм ҳуқықый тәбияты

Қарақалпақстан Республикасы мәмлекетлик ҳәкимият системасының бийғәрез тармағы сыпатында атқарыўшы ҳәкимияттың қәлиплесиўи Қарақалпақстан Республикасы Конституциясының қабыл етилиўи ҳәм оған тийкарланып атқарыўшы ҳәкимият системасының ҳуқықый тийкарларын белгилеўши нызамлардың әмелге асырылыўы менен байланыслы. Бул бойынша Қарақалпақстан Республикасының Конституциясында «мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў органлары системасын белгилейди», деген қағыйданың беккемлениўи мәмлекеттиң Тийкарғы нызамға сай рәўиште атқарыўшы ҳәкимият системасының ҳуқықый тийкарларын белгилеўши конституциялық нызамлардың қабыл етилиўине ҳуқықый тийкар жаратты.

Атап айтқанда, 1993-жыл 9-апрельде он екинши шақырық Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң он екинши сессиясында қабыл етилген Қарақалпақстан Республикасы Конституциясына муўапық, конституциялық дүзимниң тийкарғы принциплеринен бири сыпатында «Қарақалпақстан Республикасы мәмлекетлик ҳәкимият системасы - ҳәкимияттың нызам шығарыўшы, атқарыўшы ҳәм суд ҳәкимиятына бөлиниўи принципине тийкарланыўы» белгиленген.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң мәмлекетлик ҳәкимият системасындағы орны ҳәм әҳмийетин жарытыўда ең дәслеп атқарыўшы ҳәм басқарыўшы ҳәкимият институтларының мәмлекетке тийисли ҳуқықый тәбиятын ашып бериў талап етиледи. Бунда атқарыўшы ҳәм басқарыўшы ҳәкимияттың өзине тән өзгешеликлерин таллаў айрықша әҳмийетке ийе.

Мәмлекет механизминде ҳәкимиятлардың бөлиниўи принципине тийкарланып, атқарыўшы ҳәм басқарыўшы ҳәкимият мәмлекетлик ҳәкимияттың өзине тән ҳәм арнаўлы компетенцияға ийе атқарыў уйымларының системасы формасында көринетуғын бийғәрез тармағы есапланады. Соның менен бирге, атқарыўшы ҳәкимияттың өзине тән ең әҳмийетли өзгешелиги Конституция ҳәм нызамлардың орынланыўын тәмийнлеў характерине ийе екенлигинде көринеди. Бул жағдай мәмлекет ҳәм жәмийет турмысының барлық тараўларын қамтып алыўшы нызам үсинлиги принципиниң ажыралмас белгиси болып табылады[1].

Көринип турғанындай, ҳәкимиятлардың бөлиниў принципине тийкар «атқарыўшы ҳәкимият» түсиниги ҳәм оның мазмун-манисин жарытыў атап өтилген конституциялық-ҳуқықый институттың орны ҳәм ролин анықлаўда айрықша әҳмийетке ийе. Сонлықтан да атқарыўшы ҳәкимият ҳәм оның өзгешеликлерине тоқтап өтиўди лазым таптық.

Атқарыўшы ҳәкимият уйымлары мәмлекеттиң ўазыйпа ҳәм функцияларын әмелге асырыў мақсетинде шөлкемлестирилетуғын ҳәм ҳәкимият ўәкилликлерине ийе болған мәмлекетлик ҳәкимияттың бийғәрез тармағы болып табылады. Ҳәкимшилик ҳуқық тараўы илимпазларының пикиринше, атқарыўшы ҳәкимият субъектлери орнатылған ўәкилликлер шеңберинде мәмлекет басқарыўын әмелге асырады, сондай-ақ, атқарыўшы ҳәкимият мәмлекетлик басқарыў уйымлары системасынан тысқарыда ҳәрекет етиўи мүмкин емес. Солай екен, атқарыўшы ҳәкимият уйымлары системасының бир бөлими болған, нызамлар ҳәм басқа да норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерди орынлаў ҳәм орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде мәмлекет тәрепинен шөлкемлестирилетуғын, басқарыў хызметиниң арнаўлы форма ҳәм усылларынан пайдаланып, мәмлекет ҳәм жәмийет турмысының барлық тараўларында басқарыў функцияларын әмелге асыратуғын, тийисли дүзилисине, ўәкилликлери шеңберине, мәмлекетлик-ҳәкимият

[1] Қараң: *Рахманов А.Э.* Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг конституциявий-хуқуқий мақоми: Юрид. фан. номз…. дис. автореф. – Т.: ТДЮИ, 2008. – 10-б.

ўәкилликлерине ҳәм мәмлекет хызметкерлери штатларына ийе болған шөлкем болып табылады[1].

Атқарыўшы ҳәкимият уйымы ҳәкимият атқарыў механизми системасының қурамлық бөлеги болып, атқарыў тараўында мәмлекеттиң атынан ис көреди, атқарыў ҳәм бийлик бериў хызметин әмелге асырады, өзиниң нызам ҳүжжетлеринде белгиленген ўәкилликлери шеңберине ҳәм де дүзилисине ийе болып, хызметиниң өзине тән форма ҳәм усылларын қолланады. Бул уйым хызмети, мазмунына көре, мәмлекетлик басқарыўды әмелге асырады.

Атқарыўшы ҳәкимият уйымлары, ҳуқықый тәбияты бойынша басқарыў уйымларынан, функционал әҳмийети бойынша болса, мәмлекетлик ҳәкимияттың басқа уйымларынан ажыралып турады. Соның менен бирге, атқарыўшы ҳәкимият уйымлары мәмлекеттиң белгили бир функция ҳәм ўазыйпаларын тәмийнлеўде нызамшылық ҳәм де суд уйымлары менен өз-ара мүнәсибетте болады. Бул мүнәсибетлер ҳәр қыйлы келисиў комиссиялары, ўәкиллик уйымларының жыйналысларында атқарыўшы ҳәкимият уйымы басшысының есабатын тыңлаў сыяқлы формаларда көриниўи мүмкин.

Жоқарыдағы пикирлерге тийкарланып, атқарыўшы ҳәкимият уйымларының бир неше *өзгешеликлерин* атап өтиў мүмкин:

1. Атқарыўшы ҳәкимият уйымы нызам шығарыўшы ҳәм суд ҳәкимияты сыяқлы мәмлекет аппаратының бийғәрез буўыны есапланады. Атқарыўшы ҳәкимият уйымлары мәмлекеттиң социаллық, экономикалық, сиясий ҳәм мәдений тараўларында атқарыў ҳәм бийлик бериў хызметин әмелге асырады.

2. Атқарыўшы ҳәкимият уйымлары норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерди қабыл етиў, орнатылған талаплар ҳәм қағыйдаларға әмел етилиўи үстинен қадағалаўды әмелге асырыў, ҳуқықый актлер талапларының бузылыўын түрли басқарыў усыллары арқалы қорғаўдан ибарат мәмлекетлик - ҳәкимият ўәкилликлерине ийе.

---

[1] Қараң: *Бахрах Д.Н.* ҳәм басқалар. Административное право: Учебник для вузов. – М., 2004. 186-б., *Хожиев Э., Хожиев* . Маъмурий ҳуқуқ: Дарслик. – Т., 2006. – 189-б.

3. Атқарыўшы ҳәкимият уйымларының хызмети нызам асты өзгешеликлерине ийе, яғный, атқарыўшы ҳәкимият уйымлары өз хызметин нызам тийкарында ҳәм нызамларды орынлаў мақсетинде әмелге асырады.

4. Ҳәр бир атқарыўшы ҳәкимият уйымы өзиниң функциялары ҳәм ўәкилликлер шеңберине ийе.

5. Атқарыўшы ҳәкимият уйымы шөлкемлестириў дүзилисине ийе болып, штат бирликлери, зәрүр материаллық-техникалық, финанслық, мәлимлеме ҳәм басқа да ресурслар менен тәмийинленген болыўы керек.

6. Ҳәр бир атқарыўшы ҳәкимият уйымлары өз хызметин мәмлекеттиң белгили бир аймағында әмелге асырады.

Демек, *атқарыўшы ҳәкимият* уйым*ы* — өз дүзилисине, ўәкиллик шеңберине, хызмет көрсетиў аймағына ийе болған, тийисли нызам ҳүжжетлери тийкарында шөлкемлестирилетуғын, мәмлекет атынан ис көретуғын, орынлаў ҳәм бийлик бериў тәртибинде социаллық, экономикалық, сиясий ҳәм мәдений тараўларда басшылықты әмелге асыратуғын мәмлекет механизминиң бийғәрез тармағы.

Атқарыўшы ҳәкимияттың жоқарыда атап өтилген өзгешеликлерин кеңирек талқылаған ҳалда соны айтыў мүмкин, ҳәкимиятлар бөлиниўи принципине көре, атқарыўшы ҳәкимият мәмлекетлик ҳәкимияттың өзине тән ҳәм арнаўлы компетенцияға ийе атқарыў уйымларының системасы формасында көринетуғын бийғәрез тармағы болып табылады.

Сонлықтан да «атқарыўшы ҳәкимият» түсиниги ҳәм оның мазмуны нелерден ибарат екенлиги ҳәм де оның орайлық ҳәм жоқары уйымы есапланатуғын ҳүкиметтиң ҳуқықый статусы, өзине тән тәреплерин илимий жақтан бақлап барыў әҳмийетли ўазыйпалардың бири есапланады.

Атқарыўшы ҳәкимият — мәмлекетлик ҳәкимияттың дүзилиси ҳәм оның тәбиятын аңлаўда әҳмийетли орын тутатуғын ҳәм де юридикалық әдебиятларда орынлы пикир таласларына себеп болып атырған ҳәм елеге шекем өз шешимин толық таппаған машқалалардан бири есапланады. Атап айтқанда, ҳәкимиятлардың бөлиниўинде атқарыў ҳәкимияты орнын

изертлеген россиялы илимпаз К.С.Бельский атқарыўшы ҳәкимият түсинигин кең ҳәм тар мәнислерде көрсетеди. Ол атқарыўшы ҳәкимият түсинигин кең мәнисте жәмийет турмысының ҳәрекети ушын нормал шараят жаратып бериў мақсетинде иерархиялық рәўиште дүзилген ҳәм де буның ушын оған тийисли ўәкилликлер тапсырылған ҳәм бул ўәкилликлерди әмелге асырыўға ылайықлы мәмлекетлик басқарыў уйымларының белгили бир системасынан ибарат, деп қарайды. Тар мәнисте (субъектив ҳуқық) атқарыўшы ҳәкимият дегенде, оның пикиринше, лаўазымлы шахстың нызамларды орынлаўға қаратылған қарар қабыл етиў ҳуқықы ҳәм имканиятлары түсиниледи. Бунда усы қарардың орынланыўы оған бойсыныўшы хызметкер (яғный, барлық хызметкерлер) тәрепинен бул лаўазымлы шахстың жуўапкершилиги ҳәм қадағалаўы астында әмелге асырылыўын нәзерде тутады[1].

Бул түсиникте илимпаз атқарыўшы ҳәкимияттың және бир әҳмийетли белгилеринен есапланған оның иерархиялық (басқышлы, яғный, бир-бирине өзине тән принциплер тийкарында бойсыныў тәртибинде белгили бир системаға тийкарланып дүзилген органлар яки лаўазымлар формасындағы басқарыўдың шөлкемлестирилиўи) дүзилиске ийе екенлигин тийкарлап көрсеткен.

Ҳуқықтаныўшы илимпаз А.Э.Рахманов атқарыўшы ҳәкимият уйымларының жоқарыда атап өтилген белгилерин мақуллай отырып, оларға бир тәреплеме, яғный, тек мәмлекетлик басқарыў уйымларының системасы сыпатында қараўдың өзи жетерли емес, деген пикирди илгери сүреди[2]. Ҳақыйқатында да, бул тәрийп атқарыўшы ҳәкимияттың өзине тән қырларын толық ашып бере алмайды. Сондай-ақ, мәмлекетлик ҳәкимият хызметиниң өзеги есапланған мәмлекетлик басқарыўды, анығырағы, мәмлекетлик ҳәкимиятты тек атқарыўшы ҳәкимият уйымлары ғана емес, ал, нызам шығарыўшы ҳәкимият уйымлары, орынлардағы ўәкиллик ҳәм басқа қадағалаў уйымлары да әмелге асырады.

---

[1] Қараң: *Бельский К.С.* Разделение властей и ответственность в государственном управлении. – М., 1990. – С. 76.

[2] Қараң*: Рахманов А.Э.* Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг конституциявий-ҳуқуқий мақоми.- Юрид. фан. номз…. дис. автореф. – Т.: ТДЮИ, 2008. – 19-б.

Жәмийеттиң турмыслық хызмети ушын нормал шараят жаратып бериў мақсети тек оның өзине тән мақсет ғана емес, себеби, бул мақсетти әмелге асырыў ўазыйпасы мәмлекетлик органлардың барлығына тийисли. Атқарыўшы ҳәкимият түсинигин тар мәнисте көрсетиў болса көбирек ишки дүзилмелери бар шөлкемлердеги атқарыўшылық элементлерин характерлейди. Усы тәрепинен де рус илимпазы К.С.Бельский кейинги илимий изертлеўлеринде мәмлекетлик басқарыў, мәмлекеттиң улыўма хызметиниң бир кőриниси сыпатында да, нызамшылық ҳәм суд ҳәкимиятларына хызмет көрсетиўши басқарыў аппараты ҳәрекетинде де көринеди ҳәм де «мәмлекетлик басқарыў» түсиниги «атқарыўшы ҳәкимият» түсинигине салыстырғанда бираз кеңирек, деген пикирди билдиреди.

Атқарыўшы ҳәкимияттың өзине тән өзгешеликлерин көрсетиўши юридикалық әдебиятлар, илимий изертлеўлерди таллар екенбиз, айырым изертлеўлерде атқарыўшы ҳәкимияттың және төмендеги белгилериниң бар екенлигине гүўа боламыз. Атап айтқанда, мәмлекетлик аппараттың арнаўлы буўынларының хызмет көрсетиўи (улыўма ўәкилликлерге ийе мәмлекетлик басқарыў уйымлары ) жәмийет турмысының түрли тәреплерин тәртипке салыў мақсетинде ўәкиллик ҳәкимияты субъектлери тәрепинен белгиленген улыўма нормаларды тиккелей орынлаўға қаратылған хызмет[1]. Усы орында атқарыўшы ҳәкимияттың тийкарғы мақсети сыпатында нызамлар ҳәм ўәкиллик уйымларының басқа да қарарларын орынлаў ўазыйпасы дурыс атап өтилген.

Профессор Е.Д.Қутыбаева «республикада атқарыўшы ҳәкимиятты әмелге асырыў ушын бир пүтин уйымлар (аппарат) системасы болып, олар улыўма ўәкилликке ийе атқарыў уйымлары (мәселен, республика Министрлер Кеңеси, район ҳәм қала ҳәкимлери), сондай-ақ, мәмлекетлик

[1] Қараң: *Козлов Ю.М.* Исполнительная власть: сущность, функции // Вестник МГУ, 1992. Серия 11. Право. – № 4. – С.8.

басқарыў механизминиң тармақлар, тармақлар аралық ҳәм басқа да буўынларын өз ишине алады» деген пикирди билдиреди[1].

Атқарыўшы ҳәкимият институты дөренди орган екенлиги, нызам тийкарында жумыс алып барыўы, универсаллығы, оған тән тасқынлық (динамик), өз ўәкиллик шеңбериниң бар екенлиги, иерархиялық қурылған аппарат ҳәм көп санлы профессионал хызметкерлерге ийе болыўы, шөлкемлестириўшилик қәсийетиниң бар екенлиги ҳәм ақырында, бийлик бериў ҳуқықына ийе екенлиги сыяқлы белгилерди басқа да бир қатар илимий әдебиятларда бақлаў мүмкин[2].

Атқарыўшы ҳәкимияттың теориялық мәселелери бойынша кеңирек таллаўды рус илимпазы Л.А.Калининаның изертлеўлеринде ушыратыў мүмкин. Әсиресе, илимпаздың пикиринше, атқарыўшы ҳәкимият атқарыў ҳәм бийлик бериў хызметин әмелге асырыўшы шөлкемлестириўшилик-ҳуқықый механизм ҳәм формалар жыйындысынан ибарат[3].

Айырым изертлеўлерде пуқара, жәмийет ҳәм мәмлекет қәўипсизлигин тәмийинлеў, пуқаралар турмысы ҳәм жәмийет пәраўанлығы, мәмлекет экономикасының раўажланыўы ушын шараят жаратып бериў, пуқаралар ҳәм жәмәәт бирлеспелериниң өз ҳуқық ҳәм еркинликлерин әмелге асырыўы ҳәм де адамлардың социаллық, экономикалық, сиясий ҳәм мәдений жақтан еркин жасаўы ушын шараят жаратып бериў сыяқлы атқарыўшы ҳәкимияттың мақсети ҳәм хызмет принциплери де оның өзине тән белгилери сыпатында көрсетип өтилген[4].

Атқарыўшы ҳәкимиятқа тән жоқарыда санап өтилген өзгешеликлер менен бир қатарда, атқарыўшы ҳәкимият системасының вертикал бойсыныў

---

[1] Қараң: *Кутыбаева Е.Д.* Органы исполнительной власти Республики Каракалпакстан. Дис. … д-ра юрид. наук. – Т:. 1999. – С. 238–248.: Органы исполнительной власти Республики Каракалпакстан: Учебное пособие. – Нукус, 2001. С. 148.

[2] Қараң: *Бахрах Д.Н.* Административное право России: Учебник для вузов. – М.2000. – С. 173; Исполнительная власть в Российской Федерации. Пробл. развития / Кол. авт: Бачило И.Л., Гришковец А.А., Мелюхин И.С. и др. – М.2001. С. 431.

[3] Қараң: *Калинина Л.А.* Исполнительная власть в ее организационно-правовых формах (федеральный уровень): Автореф. дис… канд. юрид. наук. – М., 1994. – С. 23.

[4] Қараң: *Бахрах Д.Н.* Административное право. – М., 1993. – С. 58–61; *Бельский К.С.* О функциях исполнительной власти // Государство и право. – 1997. – № 3. – С. 69–74.; *Чиркин В.Е.* Государствоведение. – М., 1999. – С. 303.

принципине тийкарланыўын келтирип өтиў орынлы. Пикиримиздиң тийкары сыпатында профессор Ҳ.Т.Одилқориевтиң «атқарыў ҳәкимияты ҳәм вертикал, ҳәм горизонтал рәўиште өз-ара байланысқан мәмлекетлик уйымлардың белгили бир системасынан ибарат», деген көз-қарасын келтириў мүмкин[1].

«Қарақалпақстан Республикасының Министрлер Кеңеси ҳаққында»ғы нызамында оған тез ҳәм ағымдағы басқа да мәселелер бойынша қарарлар қабыл етиў ўәкиллиги белгилеп қойылған. Усы тийкарда, атқарыўшы ҳәкимияттың *тез-ҳәкимият* (тез қарар шығарыў) өзгешелигине ийе екенлиги де оның өзине тән тәреплериниң бири. Атқарыўшы ҳәкимияттың қурамына кириўши уйымлары, қурамлық дүзилмелери тәрепинен әмелге асырылатуғын турақлы хызметинде басқарылып атырған объектлерге салыстырғанда өз ўақтында тезлик пенен жетерлише тәсир көрсетиў имканияты бар.

Атқарыўшы ҳәкимияттың тийкарғы белгилери ҳаққында жоқарыда билдирилген пикир ҳәм усыныслардан жуўмақ шығарып, оған төмендегише тәрийп бериўимиз мүмкин:

Атқарыўшы ҳәкимият – Конституция ҳәм нызам тийкарында шөлкемлестирилетуғын, әмелдеги норматив-ҳуқықый ҳүжжетлердиң орынланыўын тәмийинлейтуғын, мәмлекеттиң социаллық, экономикалық, сиясий ҳәм мәдений тараўларын раўажландырыў мәселелерин шешиўде анық бағдарланған, нызамшылық баслама ҳәрекетин әмелге асыратуғын ҳәм де улыўма ҳәм арнаўлы ўәкилликлер шеңберинде мәмлекеттиң пүткил аймағында яки белгили бир ҳәкимшилик-аймақлық бирлигинде орынланыўы улыўма мәжбүрий есапланған ҳуқықый ҳүжжетлер қабыл ететуғын, өз қурамында мәмлекетлик басқарыў уйымларының бирден-бир системасын қамтып алған мәмлекетлик ҳәкимият системасының айрықша бийғәрез тармағы.

---

[1] Қараң: *Одилқориев Ҳ.Т., Тультеев И.Т., Азизов Н.П.* Давлат ва ҳуқуқ назарияси: Дарслик. – Т., 2009. – 239-б.

Мәмлекетлик ҳәкимият системасында атқарыўшы ҳәкимият айрықша әҳмийетке ийе болады ҳәм усы бир пүтин системаға оның ядросы есапланған ҳүкимет басшылық етеди. Усы орында юридикалық әдебиятлар ҳәм илимий изертлеўлерди таллаў тийкарында «ҳүкимет» түсинигин жарытыўға ҳәрекет етемиз. Буның ушын, дәслеп, айырым сырт мәмлекетлер, сондай-ақ, Ғәрезсиз Мәмлекетлер Дослық Аўқамына ағза мәмлекетлердиң конституцияларына мүрәжат еттик. Атап айтқанда, Япония Конституциясының 65, 66-статьяларында Япония атқарыўшы ҳәкимиятына Министрлер Кабинетиниң басшылық етиўи ҳәм ол Парламент алдында коллектив жуўапкер екенлиги белгилеп қойылған[1]. Чехия Конституциясының 67, 68-статьяларында ҳүкимет жоқары атқарыўшы ҳәкимият есапланады ҳәм депутатлар Палатасының алдында жуўапкер, деп көрсетилген[2]. Қазақстан Республикасы Конституциясының 64-статьясына тийкар, ҳүкимет атқарыўшы ҳәкимиятты әмелге асырады ҳәм атқарыўшы уйымлары системасына басшылық етеди[3].

Түркменистан Республикасы Конституциясының 75-статьясында «Министрлер Кабинети атқарыўшы уйым» сыпатында көрсетиледи[4].

Ҳүкимет мәмлекетлик басқарыўдың жоқары уйымы болып, Конституция ҳәм нызамлар шеңберинде мәмлекеттиң ишки ҳәм сыртқы сиясий хызметин әмелге асырады. Ҳүкимет, соның менен бирге, жәмийетлик тәртип ҳәм миллий қәўипсизликти тәмийинлейди, сондай-ақ, мәмлекетлик басқарыўдың басқа да уйымларына улыўма басшылық етеди.

Ҳүкиметтиң аты түрли мәмлекетлерде түрлише аталады. Мәселен, Қытай Халық Республикасында — Мәмлекетлик Кеңес яки Орайлық халық ҳүкимети, Франция, Литва, Россияда — ҳүкимет ҳәм т.б.

Жоқары атқарыўшы уйымлардың хызмети көрип шығылған жоқарыдағы мәмлекетлерде ҳүкиметтиң өзине тән өзгешеликлери ҳәм

---

[1] Қараң: Конституция мира. Т. 6. // Сост. и авторы вступ. статей У.Таджиханов, А.Х.Саидов. – Т., 1998. – С. 396.

[2] Қараң: Конституция мира. Том 7. // Сост. и авторы вступ. статей У.Таджиханов, А.Х.Саидов. – Т., 2001. – С. 414.

[3] Қараң: Конституция мира. Том 5. // Сост. и авторы вступ. статей У.Таджиханов, А.Х.Саидов. – Т., 1998. – С. 63.

[4] Қараң: Конституция мира. Том 2. // Сост. и авторы вступ. статей У.Таджиханов, А.Х.Саидов. – Т., 1997. – С. 373.

белгилерин анықлаў онша қыйын емес. Солай болса да, биз илимий дереклерге мүрәжат етемиз. Атап айтқанда, Россия Федерациясы Татарстан Республикасы Министрлер Кабинети хызметиниң шөлкемлестириўшилик-ҳуқықый тийкарларын биринши мәрте илимий изертлеген илимпаз З.И.Гадыльшина ҳүкиметтиң бир неше белгилерин көрсетип өтеди: *бириншиден,* ҳүкимет салыстырмалы түрде ғәрезсиз мәмлекетлик ҳәкимият тармағын шөлкемлестирип, атқарыўшы ҳәкимиятты әмелге асырады, *екиншиден,* ҳүкимет әмелде атқарыўшы ҳәкимият уйымларына басшылық етеди, *үшиншиден,* ҳүкимет экономикалық ҳәм социаллық раўажланыўды тәмийинлейтуғын басқарыўдың барлық тармақларына басшылықты әмелге асырыўшы улыўма компетенцияға ийе уйым, *төртиншиден,* ҳүкимет — мәмлекеттиң барлық аймақларында улыўма мәжбүрий болған ҳүжжетлер қабыл ететуғын коллегиал уйым[1]. Басқа бир рус илимпазы Б.П.Елисеев ҳүкиметтиң экономикалық, социаллық ҳәм мәдений тараўларда кең компетенцияға ийелиги, ҳуқықты қорғаў хызмети, ҳәкимшилик-сиясий қурылыс, сондай-ақ, министрлик ҳәм атқарыўшы басқа да уйымлар хызметин бирлестириўши, муўапықластырыўшы ҳәм бағдарлаўшы ролин өз алдына ажыратады. Ҳүкиметтиң Конституция, нызамлар ҳәм Президент пәрманлары тийкарында ҳәм де оларды орынлаў мақсетинде қарарлар ҳәм бийликлер қабыл етиўи айрықша белги есапланады, деп көрсетип өткен[2].

Ҳуқықтаныўшы илимпаз А.Э.Рахманов болса, толтырыўшы белги сыпатында коллегиаллықты көрсетип өткен. Себеби, ҳүкимет қурамына арнаўлы компетенцияға (тармақ ҳәм тармақлар аралық) ийе барлық яки оғада әҳмийетли мәмлекетлик басқарыў уйымларының басшылары ҳәм басқа да лаўазымлы шахслар (мәселен, Бас министр орынбасарлары, ҳүкимет аппараты баслығы ҳәм басқалар) киреди. Буннан тысқары, ҳүкимет оның

[1] Қараң: *Гадыльшина З.И.* Правовое Положение Кабинета Министров – Правительства Республики Татарстан. – Казань, 2003. – 107 с. //http//www. law.edu.ru/book/book.asp?bookID=87196.

[2] Қараң: *Елисеев Б.П.* Система органов государственной власти в РФ: Автореф. дис. … д-ра юрид. наук. – М., 1998. – С. 31.

есап бериўшилиги ҳәм жуўапкерлиги менен де характерленеди, деп атап өтеди[1].

Қарақалпақстан Республикасында ҳүкимет «Министрлер Кеңеси» деп аталып, Қарақалпақстан Республикасы Конституциясына муўапық, «Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси – Қарақалпақстан Республикасы ҳүкимети – Қарақалпақстан Республикасы мәмлекетлик ҳәкимиятының жоқары атқарыўшы-басқарыўшы уйымы», деп белгилеп қойылған[2].

Жоқарыда илимий бақланған пикир ҳәм усынıслар тийкарында ҳүкимет – Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесине тәрийп бериўге ҳәрекет етемиз.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси — Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы ҳәм нызам ҳүжжетлери тийкарында шөлкемлестирилетуғын ҳәм олардың орынланыўын тәмийинлеў бойынша республиканың барлық аймағында улыўма мәжбүрий өзгешеликке ийе болған нызам асты ҳүжжетлерин қабыл етиў ўәкиллигине ийе болған, ҳүкимент Баслығы, оның орынбасарлары, министрлер, мәмлекетлик комитетлер ҳәм мәкемелер басшыларынан ибарат қурамда атқарыўшы ҳәм басқарыўшы жоқары ҳәкимияттың бир пүтин системасына басшылықты әмелге асыратуғын, нызамшылық баслама ҳуқықынан пайдаланатуғын, атқарыўшы мәмлекет органларының бир пүтин системасын қамтып алған, өз хызмети жүзесинен Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси алдында есап бериўши саналған, атқарыўшы ҳәкимияттың улыўма ҳәм арнаўлы компетенциясына ийе жоқары коллегиал уйымы болып табылады.

[1] Қараң: *Рахманов А.Э.* Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг конституциявий-ҳуқуқий мақоми: Юрид. фан. номз…. дис. автореф. – Т., 2008. – 27-б.

[2] Қараң: Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы / Он екинши шақырық Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң он екинши сессиясында 1993-жыл 9-апрельда қабыл етилген. – Нөкис, 2006. – Б.124. – 86-с.

## § 2. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң ўәкилликлери

Қарақалпақстан Республикасы Конституциясының 86–91-статьяларында Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң тийкарғы ўазыйпалары ҳәм де ҳүкиметтиң хызметине тийисли қағыйдалар белгиленген. Министрлер Кеңеси – Қарақалпақстан Республикасы Ҳүкиметиниң ўәкилликлери шеңбери улыўма тәризде көрсетилген болса да, негизинде қағыйда бойынша социаллық, экономикалық, сиясий ҳәм мәдений тараўларға басшылығы, Өзбекистан ҳәм Қарақалпақстан Республикасы нызамлары ҳәм Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси палаталарының қарарлары, Өзбекистан Республикасы Президентиниң пәрманлары, қарарлары ҳәм бийликлери, Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң қарарлары ҳәм бийликлери, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳәм оның Президиумы қарарлары ҳәм басқа да ҳуқықый ҳүжжетлердиң орынланыўын тәмийинлеўи баз ўазыйпа етип белгиленген. Сондай-ақ, бул нормада Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң хызметин шөлкемлестириў тәртиби ҳәм ўәкиллик шеңбери нызам менен белгилениўи тастыйықланған.

Қарақалпақстан Республикасының әмелдеги нызамлары тийкарында өз көринисин тапқан ҳүкимет ўәкилликлери өзгешеликлеринен келип шығып, оларды бир неше түрлерге ажыратыў мүмкин.

*Биринshиси,* Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң мәмлекетлик басқарыўға тийисли ўәкилликлери:

а) министрликлер, мәмлекетлик комитетлер, мәкемелер ҳәм де мәмлекет ҳәм хожалық басқарыўының басқа да уйымларының жумысларын муўапықластырып ҳәм де бағдарлап барыў, сондай-ақ, олардың хызмети үстинен қадағалаўды әмелге асырыў;

б) республикадағы басқарыў уйымлары дүзилмелерин жетилистириў бойынша, яғный, министрликлер, мәмлекетлик комитетлер, мәкемелерди дүзиў, қайта шөлкемлестириў ҳәм сапластырыў̄ бойынша усынıслар ислеп

шығыў ҳәм бул усынысларды Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине усыныў;

в) министрликлер, мәмлекетлик комитетлер, мәкемелер ҳәм де мәмлекетлик басқарыўдың басқа да уйымларының уставларын тастыйықлаў;

г) министрликлер, мәмлекетлик комитетлер, мәкемелер ҳәм де Қарақалпақстан Республикасы мәмлекетлик бюджети есабынан тәмийинленетуғын мәмлекетлик басқарыў уйымларының орайлық аппараты хызметкерлериниң санын ҳәм олардың тәмийнатына ажыратылатуғын қаржылар муғдарын белгилеў;

д) Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси менен келисилген ҳалда Ҳүкимет тәрепинен шөлкемлестирилетуғын хожалық басқарыўы уйымларының басшылары ҳәм де олардың ағзаларын, сондай-ақ, министрликлер, мәмлекетлик комитетлер, мәкемелер президиумларының ағзаларын тастыйықлаўын киргизиў мүмкин.

Сондай-ақ, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси зәрүрлик болғанда өз ўәкиллигине кириўши мәмлекетлик басқарыўдың айырым мәселелерин шешиўди, егер бул мәселелердиң шешилиўи нызам ҳүжжетлеринде Қарақалпақстан Республикасы ҳүкиметиниң шекленбеген ўәкилликлерине киргизилген болмаса, министрликлер, мәмлекетлик комитетлер ҳәм өз бойсыныўындағы мәмлекетлиқ басқарыўдың басқа да уйымларына бериўи мүмкин.

*Екиншиси,* мәмлекетте базар экономикасы мүнәсибетлерин толық қәлиплестириў бағдарында Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң мәмлекет экономикасына басшылық етиў ҳәм исбилерменликти раўажландырыўға тийисли ўәкилликлери:

а) экономикалық, социаллық-мәдений процесслерди басқарыў, мүлкшиликтиң барлық формаларын уйғынластырыў ҳәм олардың теңлиги, экономиканы монополияластырыўдан шығарыў, базар экономикасының ҳуқықый механизмин иске қосыў тийкарында еркин исбилерменлик ушын шараятлар жаратыў;

б) хожалық жүргизиўдиң жаңа формалары – тармақлар аралық бирлеспелер, түрли аўқамлар ҳәм басқа да усыған уқсас шөлкемлерди қурыўға ҳәм беккемлеўге жәрдемлесиў, экономиканы раўажландырыў ҳәм халықтың талап-мүтәжликлерин қанаатландырыў зәрүрлигинен келип шыққан ҳалда олардың ҳәрекетин бағдарлаў ҳәм де муўапықластырыў ҳәм т.б.

*Үшиншиси,* республиканың финанслық аўҳалын жақсылаў, қаржы ҳәм кредит сиясатын жүргизиў, пул, салық ҳәм банк системасын беккемлеў бағдарындағы финанслық тараўға тийисли қатар ўәкилликлери.

а) Қарақалпақстан Республикасында пул ҳәм кредит системасын беккемлеў ис-илажларын әмелге асырыўға көмеклеседи, бирден-бир баҳа сиясатын өткериў, мийнетке ҳақы төлеў муғдарының белгиленген кепилликлерин ҳәм де социаллық тәмийнат дәрежесин тәмийинлеў ис-илажларын ислеп шығады ҳәм әмелге асырады;

б) Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик бюджетин, сондай-ақ, Қарақалпақстан Республикасын экономикалық ҳәм социаллық раўажландырыўдың перспективалық көрсеткишлерин ҳәм ең әҳмийетли бағдарламаларды ислеп шығыўды ҳәм де олардың орынланыўын шөлкемлестиреди. Атап айтқанда, Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик бюджет системасы дүзилиси ҳәм оны басқарыў тийкарларын, мәмлекетлик бюджетти дүзиў принциплери ҳәм оның дүзилмесин, сондай-ақ, мәмлекетлик бюджетти дүзиў, көрип шығыў, қабыл етиў ҳәм орынлаў тәртиплерин белгилеп бериўши Қарақалпақстан Республикасының «Бюджет системасы ҳаққында»ғы нызамына муўапық Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң бюджет системасын басқарыў тараўындағы ўәкилликлери беккемлеп қойылған. Оған көре, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси мәмлекетлик бюджет жойбарының ислеп шығылыўын шөлкемлестириў ҳәм ислеп шығылған мәмлекетлик бюджет жойбарын тастыйықлаў ушын Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине усыныў, сондай-ақ, мәмлекетлик бюджеттиң орынланыўын

шөлкемлестириў, Қарақалпақстан Республикасы Қаржы министрлиги ҳәм мәмлекетлик басқарыўдың басқа да уйымларының мәмлекетлик бюджетти орынлаў бағдарындағы жумысларын муўапықластырыў ҳәм қадағалаў, мәмлекетттиң мақсетли фондларының қаржыларын қәлиплестириў ҳәм олардан пайдаланыў тәртибин белгилеў, мәмлекетлик бюджеттиң орынланыўы ҳаққындағы есабатты белгиленген тәртипте Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң тастыйықлаўына киргизиў сыяқлы ўәкилликлерди әмелге асырыўы белгиленген[1].

*Төртиншиси,* инсан ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин қорғаў, олардың материаллық ҳәм мәнаўий мәплерин есапқа алыў, пуқаралардың қәўипсизлигин тәмийинлеў бойынша төмендеги ўәкилликлерге ийе:

а) пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин, олардың мийнет етиўге, социаллық ҳәм ҳуқықый қорғалыўға болған ҳуқықларын тәмийинлеў ҳәм де қорғаў ис-илажларын көреди, социаллық тәмийнат системасын жетилистиреди;

б) мәмлекетлик басқарыў уйымларының тәбиятты қорғаў илажларын биргеликте өткериў ҳәм де республика ҳәм халықаралық әҳмийетке ийе үлкен экологиялық бағдарламаларды әмелге асырыў бағдарындағы жумысларды муўапықластырады, ири авариялар ҳәм бахытсыз ҳәдийселердиң, сондай-ақ, тәбийғый апатшылықлардың ақыбетлерин сапластырыў ис-илажларын көреди.

*Бесиншиси,* мәмлекеттиң социаллық тараўына тийисли мәмлекетлик сиясатты белгилейди, бул тараўды раўажландырыўға тийисли ис-илажларды көреди. Атап айтқанда, илим ҳәм техниканы раўажландырыў, тәбийғый ресурслардан ақылға уғрас пайдаланыў ҳәм оларды қорғаў ис-илажларын әмелге асырады, сондай-ақ, денсаўлықты сақлаў, халық билимлендириўин раўажландырыў ҳәм жетилистириўдиң тийкарғы бағдарларын белгилейди, мәдениятты раўажландырыўға көмеклеседи.

---

[1] [1] Қараң: Қарақалпақстан Республикасының «Жоқарғы Кеңеси ҳаққында»ғы Нызамы. – Нөкис, 1998.; Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Регламенти. – Нөкис, 2006., Қарақалпақстан Республикасының «Министрлер Кеңеси ҳаққында»ғы Нызамы. – Нөкис, 1998. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Регламенти. – Нөкис, 2005.

*Алтыншысы,* сыртқы экономикалық хызметти жолға қойыў ҳәм жүргизиў де ҳүкимет хызметиниң тийкарғы жөнелислеринен бири болғанлығы ушын бул ўәкилликлери шеңберинде әмелдеги нызамларға тийкар сыртқы экономикалық хызмет, илимий-техникалық ҳәм мәдений бирге ислесиў тараўында басшылықты әмелге асырады[1].

*Жетиншиси,* нызамлардың орынланыўын тәмийинлеў ҳүкимет ўәкилликлериниң ең тийкарғыларынан бири болғанлығы ушын да Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси нызам ҳүжжетлерине муўапық Қарақалпақстан Республикасының пүткил аймағында барлық уйымлары, кәрханалар, мәкемелер, шөлкемлер, лаўазымлы шахслар ҳәм пуқаралар тәрепинен орынланыўы мәжбүрий болған қарарлар ҳәм де бийликлер қабыл етеди.

Қарақалпақстан Республикасы Ҳүкиметиниң ўәкилликлери шеңберин таллаў нәтийжесинде төмендеги жуўмақларға келиў мүмкин:

*биринshiден,* Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси жоқары атқарыўшы ҳәм басқарыўшы уйым екенлиги;

*екиншиден,* атқарыўшы ҳәкимиятты басқарыўда ҳуқықый жақтан беккемлеп қойылған ўәкилликлери шеңбериниң кеңлиги;

*үшиншиден,* атқарыўшы ҳәкимият хызметиниң көп қырлылығы ҳәм тәбиятының кең қамтыўлы екенлиги, республикада барлық социаллық-экономикалық ҳәм мәдений тараўларды басқарыў ушын жуўапкерлиги, ҳүкимет ўәкилликлери ҳәм усыған пропорционал рәўиште белгиленгенлиги. Бул болса ҳүкимет ўәкилликлери жәмийетлик турмыстың барлық тараўларын қамтып алады дегени. Солай екен, нызамлар ҳәм жәмийет турмысының барлық тараўларына тийисли социаллық мүнәсибетлерди қамтып алады. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси, өз гезегинде, бул мүнәсибетлердиң әмелде болыўын тәмийинлейди ҳәм де оларды қорғайды.

---

[1] Қараң: Қарақалпақстан Республикасының «Министрлер Кеңеси ҳаққында»ғы Нызамы. – Нөкис, 1998. – 12-с // www.sovminrk.gov.uz.

Усы орында Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының ўәкилликлерин де баян етип өтиў мақсетке муўапық. Ҳүкимет хызметинде ҳүкимет басшысы — Министрлер Кеңеси Баслығы, федератив мәмлекетлерде Канцлер ямаса Президентлик Республикасы мәмлекетлик басқарыў формасында Премьер министр мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары системасында кең ҳәм салмақлы ўәкилликлер ийеси болғаны ушын мәмлекетлик сиясатты әмелге асырыўда ҳәм мәмлекетлик басқарыўда сиясий ўәкил есапланады.

Тап сондай, Қарақалпақстан Республикасында да Министрлер Кеңеси Баслығының ҳуқықый статусына тийисли бир қатар нормалар бар болып, бул қағыйдалардың таллаўынан ҳүкимет басшысының мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары системасында тутқан орны айрықша атап өтиледи, сонлықтан да Министрлер Кеңеси Баслығы Қарақалпақстан Республикасы ҳүкимети ағзалары арасында айрықша ҳәм әҳмийетли орын тутады. Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы ҳәм 1998-жыл 29-январьда қабыл етилген «Қарақалпақстан Республикасының Министрлер Кеңеси ҳаққында»ғы нызамында ҳүкимет Баслығының ўәкилликлери белгилеп қойылған.

Атап айтқанда, ең дәслеп, Министрлер Кеңеси хызметине басшылық етеди ҳәм оның өз ўәкилликлерин нәтийжели әмелге асырыўы ушын ис-илажлар көреди, *екиншиден,* Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине, сессиялар дәўиринде болса Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Президиумына Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасарларын ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң ағзаларын тайынлаў ҳәм лаўазымынан азат етиў ушын талабанлар усынады, *үшиншиден,* Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасарлары арасында ўазыйпаларды бөлистиреди ҳәм кейин ала оны Министрлер Кеңеси Президиумына тастыйықлаў ушын усынысын киргизеди, *төртиншиден,* Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине, сессиялар дәўиринде болса Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумына

Қарақалпақстан Республикасы министрликлерин, мәмлекетлик комитетлерин ҳәм басқа да мәмлекетлик басқарыў уйымларынын дүзиў ҳәм сапластырыў бойынша усынıслар киргизеди, *бесиншиден,* Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Баслығына районлар ҳәм қалалардың ҳәкимлерин тайынлаў ҳәм лаўазымынан азат етиў ушын талабанларды усынады, *алтыншыдан,* Министрлер Кеңеси ҳәм оның Президиумы мәжилислерине басшылық етеди, *жетиншиден,* Министрлер Кеңеси хызметинде коллегиаллықты тәмийинлейди, *сегизиншиден,* Министрлер Кеңеси ҳәм оның Президиумы мәжилисинде көрип шығыўды талап етпейтуғын мәмлекет ҳәм хожалық басқарыўының айырым мәселелери бойынша бийликлер қабыл етеди, *тоғызыншыдан,* өз ҳуқықы шеңберинде нызам менен белгиленген басқа да ўәкилликлерди әмелге асырады[1].

«Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинети ҳаққында»ғы нызамының 4-статьясы ҳәм де «Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси ҳаққында»ғы нызамының 15-статьясына муўапық, Қарақалпақстан Республикасы ҳүкиметиниң баслығы өз лаўазымы бойынша Министрлер Кабинетиниң қурамына киреди[2].

Халықаралық тәжирийбеден мәлим болғанындай, ҳүкиметке болған итибар ҳәм ҳүрмет ҳүкимет ағзаларының кәсиплик шеберлиги ҳәм де инсаный пазыйлетлери бойынша белгиленеди. Ҳәр бир мәмлекеттиң миллий нызамшылығында ҳүкимет ағзаларына тийисли қағыйдалар белгиленип, олар тийкарынан өз тармақлары ямаса тараўлары бойынша басшылықты әмелге асырып, тийисли тәртипте ҳүкимет яки ҳүкимет баслығы алдында жуўапкер есапланады, ўәкилликлер шеңбери де улыўма тәризде көрсетилген. Усы жағынан Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң ағзалары да өзлерине тапсырылған хызмет тараўы ушын жуўап береди ҳәм ҳүкимет мәжилислеринде мәселелерди көрип шығыўда жеке қатнасады ҳәм де ҳүкиметтиң ўәкиллигине кириўши мәселелерди көрип шығыў ҳаққында

[1] Қараң: Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы. – Нөкис, 2006. – 88-с.; Қарақалпақстан Республикасының Министрлер Кеңеси ҳаққындағы Нызамы. – Нөкис, 1998. – 15-с.

[2] Қараң: Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. – 2003. – № 9–10. – 138-м.

Министрлер Кеңесине усыныслар киргизиўи, сондай-ақ, ҳүкимет қарарларының жойбарларын таярлаў басламасы менен шығыўы мүмкин.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Аппараты ҳүкимет хызметинде жәрдемши дүзилме есапланып, ол ҳүкимет жумысларын шөлкемлестириў, ҳүкимет ўәкилликлерин әмелге асырыўға тийисли ҳүжжетлерди таярлаў, сондай-ақ, күнделикли турмыстағы ўазыйпаларды орынлаўда қатнасады.

Буннан тысқары, Министрлер Кеңеси ҳәм оның Президиумы мәжилислерине таярлық көриў, тийисли қарарлардың жойбарларын, талқыланатуғын, мәлимлеме ҳәм басқа да материалларды таярлаў, Министрлер Кеңеси қарарларының орынланыўын турақлы рәўиште тексерип барыў сыяқлы жумыслар менен шуғылланады. Министрлер Кеңесиниң аппараты ҳәм оның қурамлық бөлимлери ҳаққындағы режелер Министрлер Кеңеси тәрепинен тастыйықланады[1]. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси менен келисилген ҳалда ҳүкимет аппаратының тийкарғы қурамлық бөлимлери басшыларын лаўазымға тайынлайды ҳәм азат етеди.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2007-жыл 21-февральда «Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Аппараты қурамын тастыйықлаў ҳаққында»ғы 17/2-санлы қарары қабыл етилди. Усы қарар менен ҳүкимет дүзилмеси турақлы рәўиште реформаланып барылды.

Бул қарарда Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының ири қурылыслар, коммуникация, коммунал хожалық ҳәм абаданластырыў мәселелери бойынша биринши орынбасарына усы тараўлардың қадағаланыўын тәмийинлеўши секретариатлар басшылығы ҳәм Министрлер Кеңеси Баслығының және бир орынбасарына болса экономика,

[1] Қараң: Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2004-жыл 26-мартта қабыл еткен «Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығы ҳәм оның орынбасарлары арасындағы ўазыйпаларды бөлистириў ҳаққында»ғы 54/2-санлы қарары; 2006-жыл 6-майда қабыл еткен «Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Президиумының ўазыйпалары ҳаққында»ғы ҳәм «Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Ислер басқармасының ўазыйпалары ҳаққында»ғы 9-10/3-санлы қарары // Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси архив мағлыўматлары. - Нөкис, 2006.

социаллық мәселелер (экономика, билимлендириў, денсаўлықты сақлаў, мәдений) тараўларына басшылық жүклетилип, бул тараўлардың қадағаланыўын тәмийинлеўши секретариатлар басшылығы бириктирилген. Сондай-ақ, Министрлер Кеңеси Баслығының және бир орынбасары ҳаял-қызлар комитетиниң баслығы сыпатында тастыйықланған.

Буннан тысқары, усы қарарға муўапық, Министрлер Кеңеси Баслығының улыўма басшылық етиў тараўларына ислер басқармасы, ҳуқық қорғаў уйымлары ҳәм әскерий хызметке шақырыў ҳәм де айрықша жағдайлар бойынша топары, аўыл ҳәм суў хожалығы мәселелери бойынша секретариаты, мәлимлеме-таллаў басқармасы, шөлкемлестириў-қадағалаў топары, улыўма бөлим, ержетпегенлер ислери бойынша комиссияның жуўаплы хаткери сыяқлы бийғәрез дүзилмелер киргизилген[1].

## §3. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң ҳуқық дөретиўшилик хызмети

Инсаныйлық жәмийетинде ҳәрекет етип турған жәмийетлик қатнасықлар, әдеп-икрамлылық қағыйдалары менен бирге, ҳуқықый нормалар арқалы тәртипке салынады. Жәмийетлик қатнасықларды тәртипке салыўшы ҳуқықый нормалар мәмлекеттиң ўәкилликли уйымлары тәрепинен орнатылып, улыўма мәжбүрий өзгешеликке ийе болады. Ҳуқықый нормаларды орнатыў процесси, әпиўайы етип айтқанда, ҳуқық дөретиўшилик процесси деп аталып, мәмлекетлик ҳәкимияттың айрықша хызмет түри есапланады.

Мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары бир-биринен ўәкилликлери жағынан парқ еткенлиги себепли, олар тәрепинен қабыл етилген ҳуқықый ҳүжжетлер де юридикалық күши бойынша парқланады. Бул ҳуқықый ҳүжжетлер арасында нызам шығарыўшы ҳәкимият тәрепинен қабыл етилген нызамлар ҳәм қарарлар ең турақлы әҳмийетке ийе.

Ҳуқық дөретиўшилиги мәмлекетлик басқарыўды әмелге асырыўдың бир формасы сыпатында басқарыў тәбиятына ийе жәмийетлик қубылыс

[1] Қараң: Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси архив мағлыўматлары. - Нөкис, 2007.

болып табылады. Ҳәр қандай жәмийетлик процесс сыяқлы бул процесс те саналы, анық мақсетке бағдарланған хызмет болып, тийисли нормалар ҳәм тәртиплер арқалы әмелге асырылады. Ҳуқық дөретиўшилиги хызметин жәмийетлик ҳәм ҳуқықый процесс сыпатында тек ҳуқықты жаратыў менен байланыслы болған хызмет деп қараў оншелли дурыс емес. Бул процесс және де кеңирек болып, жәмийет турмысындағы социаллық мүнәсибетлерди ҳуқықый тәртипке салыўға болған мүтәжликти анықлаў, норматив-ҳуқықый ҳүжжетлердиң жойбарларын таярлаў, додалаў ҳәм басқаларды өз ишине қамтып алады.

Ҳуқық дөретиўшилиги хызмети — бул мәмлекетлик ҳәкимиятты әмелге асырыў формасы. Ҳуқық дөретиўшилиги мәмлекеттиң ҳуқық нормаларын жаратыў ҳәм де оларды жетилистириў, өзгертиў ҳәм бийкар етиўге бағдарланған хызмети есапланады.

Ҳуқық дөретиўшилиги ҳуқықый тәртипке салыў механизминиң тийкарғы ҳәм басланғыш бууыны болып, бул хызмет жәмийет турмысында жаңалыққа болған зәрүрлик жүзеге келсе ҳәм де бул жаңалық жәмийеттиң раўажланыўы ушын хызмет етиўи мәлим болса, басланады.

Профессор Ҳ.Т.Одилқориев ҳуқық дөретиўшилигине ўәкилликли мәмлекетлик мәкемелер ҳәм лаўазымлы шахслардың ҳуқық нормаларын орнатыў, өзгертиў, жетилистириў ҳәм бийкар етиўге бағдарланған арнаўлы хызмети деп тәрийп береди[1]. Ҳуқықтаныўшы илимпаз А.М.Хашимхонов болса ҳуқық дөретиўшилиги хызметин жәмийет ҳәм мәмлекет зәрүрлигинен келип шыққан ҳалда, социаллық мүнәсибетлерди норматив-ҳуқықый тәртипке салыўға, мәмлекет ерки тийкарында әмелдеги ҳуқық нормаларын өзгертиў, бийкар етиў ҳәм жаңа ҳуқық нормаларын жаратыўға қаратылған рәсмий хызмет деп есаплайды[2]. Ҳәр еки тәрийпте мәмлекеттиң ҳуқықый норманы орнатыўы ямаса мақуллаўы арқалы ҳуқықты қолланыў хызмети көзге тасланады. Ҳуқық дөретиўшилиги нәтийжесинде жүзеге келген норма

---

[1] Қараң: *Одилқориев Ҳ.Т., Тультеев И.Т., Азизов Н.П.* Давлат ва ҳуқуқ назарияси: Дарслик. – Т., 2009. – 239-б.

[2] Қараң: *Хашимхонов А.М.* Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг ҳуқуқ ижодкорлик фаолияти: назария ва амалиёт масалалари: Юрид. фан. номз. … дис. автореф. – Т., 2008. – 16-б.

түрли рәсмий ҳүжжетлерде өз көринисин табады ҳәм олар *норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер* деп аталады.

Норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының ерк-ықрарының жемиси болып, белгили бир тәртип-қағыйданы сәўлелендириўши ҳуқық дөретиўшилиги ҳүжжети есапланады. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси – Ҳүкимети мәмлекетлик ҳәкимияттың атқарыўшы ҳәм басқарыўшы уйымлары сыпатында Өзбекистан ҳәм Қарақалпақстан Республикаларының нызамлары, Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси палаталарының қарарлары, Өзбекистан Республикасы Президентиниң пәрманлары, қарарлары ҳәм бийликлери, Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң қарарлары ҳәм бийликлери, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳәм оның Президиумы қарарларын орынлап ҳәм де олар тийкарында, Қарақалпақстан Республикасы аймағында бәрше ушын мәжбүрий болған қарарлар ҳәм бийликлерди қабыл етеди.

2001-жыл 29-июньде екинши шақырық Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң алтыншы сессиясында Қарақалпақстан Республикасының «Норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер ҳаққында»ғы нызамы қабыл етилди. Усы нызамға муўапық, норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер қурамына төмендегилер киреди:

1) Қарақалпақстан Республикасы Конституциясы;

2) Қарақалпақстан Республикасы нызамлары;

3) Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң қарарлары;

4) Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң қарарлары;

5) министрликлер, мәмлекетлик комитетлер ҳәм мәкемелердиң ҳуқықый ҳүжжетлери;

6) жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының қарарлары.

«Қарақалпақстан Республикасының норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер ҳаққында»ғы нызамына муўапық, Қарақалпақстан Республикасы ҳүкиметиниң қарарлары ғана норматив-ҳуқықый ҳүжжет есапланады.

«Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси ҳаққында»ғы нызамының 20-статьясында Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң тез ҳәм басқа да ағымдағы мәселелер бойынша қарарлары ҳүкиметтиң *буйыклери* формасында қабыл етиледи, деп белгилеп қойылған.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси ҳуқық дөретиўшилиги хызметиниң ҳуқықый тийкарлары Қарақалпақстан Республикасы Конституциясы ҳәм нызамларында өз көринисин тапқан.

Айырым изертлеўлерде ҳүкиметтиң ҳуқық дөретиўшилиги хызмети бир неше бағдарда әмелге асырылыўы көрсетип өтилгениниң гүўасы боламыз. Буларға нызамшылық басламасы ҳуқықын әмелге асырыў менен байланыслы бағдар, қарар ҳәм буйыклер қабыл етиў, ҳүкиметке бойсыныўшы дүзилмелердиң норматив қәсийетке ийе актлерди таярлаў ҳәм қабыл етиў хызметин шөлкемлестириў ҳәм қадағалаў, ҳүкиметтиң халықаралық-ҳуқықый шәртнама ҳәм келисимлерин таярлаў ҳәм ислеп шығыўда тиккелей қатнасыўы киреди. Соны атап өтиў керек, бул бағдарлардан ең тийкарғысы нызам дөретиўшилиги процесинде қатнасыўы болып табылады. Улыўма алғанда, ҳүкимет хызмети универсал болғанлығы ушын жәмийет турмысында жүз берип атырған ҳәм жүз бериўи мүмкин болған барлық мүнәсибетлерге өзиниң ҳуқықый тәсирин көрсетеди[1].

Ҳуқық дөретиўшилиги Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси хызметиниң тийкарғы бағдарларынан бири есапланып, ол бир неше басқышларда әмелге асырылады. Айырым изертлеўлерде ҳуқық дөретиўшилиги процесси үш басқышта әмелге асырылыўы көрсетип өтилген. Буларға норматив ҳүжжет жойбарын таярлаў, норматив ҳүжжетти додалаў ҳәм оны қабыл етиў, норматив ҳүжжетти әмелге асырыў басқышлары киргизилген болып, норматив ҳүжжеттиң күшке кириўи оның шешиўши басқышы деп баҳаланған. Сондай-ақ, ҳуқық дөретиўшилиги ҳәм ҳуқықты қолланыў хызметиниң нәтийжелилигин арттырыў ушын олардың әмелде

[1] Қараң: *Наурызбаева Р.К.* Правотворческая деятельность Правительства Республики Казахстан: Автореф. дис. … канд. юрид. наук. – Алматы, 1995. – С. 12–13. *Хашимхонов А.М.* Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг ҳуқуқ ижодкорлик фаолияти: назария ва амалиёт масалалари: Юрид. фан. номз. … дис. автореф. – Т., 2008. – 11-б.

болыў процесин белгилеп бериўши анық тәртип-қағыйда, регламент болыўы көрсетилген[1]. Көпшилик жағдайларда қабыл етилген нызамның орынланыўын тәмийинлеў ушын ҳүкимет қарары қабыл етиледи.

Ҳуқықтаныўшы илимпаз А.М.Хашимхонов атқарыўшы уйымлар тәрепинен шығарылатуғын ҳуқықый ҳүжжетлерди ҳәкимият субъектлери шеңберине көре үш бууынға ажыратыўды усыныс етеди[2]. Атап айтқанда, атқарыўшы жоқары уйым – ҳүкимет тәрепинен шығарылатуғын актлер, атқарыўшы ҳәкимияттың орайлық уйымлары : министрликлер, мәмлекетлик комитетлер ҳәм де агентликлер тәрепинен шығарылатуғын актлер ҳәм жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары тәрепинен шығарылатуғын актлер. Бул бағдарда илимий изертлеўлер алып барған қазақстанлы илимпаз Р.К.Наурызбаева ҳүкимет қарарларының бағдарланыў әҳмийетинен келип шығып, оларды төмендегише классификациялайды[3]:

а) улыўма республикалық әҳмийетке ийе актлер;

б) аймақ шеңбериндеги актлер;

в) тараўлар аралық әҳмийетке ийе болған актлер;

г) белгили бир тараў шеңбериндеги актлер;

д) халықаралық әҳмийетке ийе болған актлер.

Пикиримизше, бул классификацияда индивидуал өзгешеликке ийе болған актлерге итибар қаратылмаған. Индивидуал актлер де белгили бир мүнәсибетлерге бағдарланған болады, яғный, тар шеңбердеги мүнәсибетлерди қамтып алады. Жәмийет ҳәм мәмлекет турмысындағы бир мүнәсибет болса, ҳуқықый тәртипке салыў зәрүрлигин бийкар етпейди. Усы орында рус илимпазы Е.С.Слесарева басқарыўдың индивидуал актлери ҳуқық тараўларының нормалары (ҳәкимшилик, қаржы, мийнет, пуқаралық) жәрдеминде жәмийетке енгизилсе де, әмелдеги нызамшылық ҳәм де ҳуқықты енгизиўши басқарыў уйымларының хызметин сәўлелендириўши қурал

---

[1] Қараң: *Рудкин Ю.Д.* Правотворческие производства: природа, структура, разновидности: Автореф. дис. … канд. юр. наук. – Харьков, 1984. – С. 6–7.

[2] Қараң: *Хашимхонов А.М.* Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг ҳуқуқ ижодкорлик фаолияти: назария ва амалиёт масалалари: Юрид. фан. номз. … дис. автореф. – Т., 2008. – 26-б.

[3] Қараң: *Наурызбаева Р.К.* Правотворческая деятельность Правительства Республики Казахстан: Автореф. дис. … канд. юрид. наук. – Алматы, 1995. – С. 6–7.

сыпатында көринеди, деп есаплап, индивидуал актлер ҳүкимет хызметин сәўлелендирип атырғанын ҳәм де бул хызметтиң кериси екенлигин, яғный, усы арқалы көринетуғынлығын баян еткен[1].

Ҳуқық дөретиўшилиги хызметиниң кең субъектлер шеңберине ийелигин айрықша атап өтиў керек. Усы орында россиялы илимпаз Ю.Д.Рудкин ҳуқық дөретиўшилиги хызмети субъектлерин, функционал белгилениўи бойынша төрт топарға ажыратады. Буларға басламашы субъект, ислеп шығыўшы субъект, шешиўши субъект, орынлаўшы субъектлер киреди. Ҳүкимет ҳуқық дөретиўшилиги хызмети усы топарлар шеңберинде талқыланса, бул хызметти әмелге асырыўшы субъектлердиң барлығы ҳүкиметтиң қурамлы дүзилмелери ишине кирип кетиўин көриў мүмкин. Мәселен, нызамшылық басламасы ҳуқықы ҳүкиметке тийисли болса, нызам яки ҳүкимет қарары жойбарын таярлаўды ҳүкимет өзиниң төменги уйымларына ямаса қарар менен арнаўлы шөлкемлестирилген комиссияға (исши топарға) жүклеўи мүмкин. Ҳуқықый ҳүжжет тәғдирин шешиў, яғный, өз ўәкилликлери шеңберинде қандай да бир қарар қабыл етиў яки етпеслик те атқарыўшы ҳәкимияттың орайлық уйымына тиккелей тийисли. Төртинши субъект, яғный, атқарыўшы субъект болса, тек атқарыўшы ҳәкимияттың өзи ҳәм оның төменги жергиликли мәмлекетлик уйым.

Бизге мәлим, норматив ҳүжжетлер жәмийет турмысының барлық тараўларын мәмлекеттиң атынан ҳуқықый баҳалайды ҳәм де жәмийет ҳәм мәмлекет турмысындағы мүнәсибетлер қандай тәртипте әмелге асырылыўы кереклигин белгилеп барады. Усы тийкарда жәмийет турмысының мәмлекетлик жол менен басқарылыўы тәмийинленеди. Бунда ҳүкимет ҳүжжетлериниң орны шексиз.

Атқарыўшы ҳәкимияттың барлық орайлық ҳәм жергиликли уйымлары тәрепинен қабыл етилген норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер төмендеги қурамлық бөлим ҳәм белгилерге ийе болыўы керек:

---

[1] Қараң: *Слесарева Е.С.* Индивидуальные акты управления: Автореф. дис. … канд. юрид. наук. – М., 1984. – С. 13.

- ҳүжжеттиң түри ҳәм аты;

- ҳүжжет қабыл етилген орын, сәне ҳәм ҳүжжет номери;

- тийисли норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерди имза қойып тастыйықлаўға рәсмий ўәкиллиги болған шахслардың фамилиясы, лаўазымы ҳәм имзалары. Бул қағыйдалар норматив-ҳуқықый ҳүжжеттиң нызамлылығын тәмийинлеўши шәртлерден бири.

Республикамызда ҳәр бир тараўда әмелге асырылып атырған реформалар нәтийжесинде ҳуқық дөретиўшилиги хызмети көлеминиң турақлы рәўиште өсип барыўы тәбийғый. Бул хызметте тийкарғы қатнасыўшы сыпатында ҳүкимет, яғный Қарақалпақстан Республикасының Министрлер Кеңеси жумыс алып барады. Мәмлекеттиң жоқары нызам шығарыўшы ҳәкимият уйымы тәрепинен қабыл етилген көпшилик норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер (нызамлар, қарарлар) бойынша, оның орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде, ҳүкимет өзиниң норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерин қабыл етеди.

Усы орында соны айтыў керек, ҳүкимет тәрепинен қабыл етилетуғын ҳуқықый ҳүжжетлердиң барлығы да норматив-ҳуқықый системаға кирмейди. Ҳүкиметтиң қарарлары формасында шығарылатуғын ҳуқықый ҳүжжетлер ғана норматив-ҳуқықый системаға киргизиледи. Норматив-ҳуқықый системаға киргизилген қарарлар улыўма мәжбүрий әҳмийетке ийе болып, мәмлекеттиң барлық аймағында орынланыўы шәрт.

Нызам шығарыў процессинде ҳүкиметтиң қатнасыўын еки формаға ажыратыў мүмкин: *биринширси,* стандарт, яғный, ҳүкимет Қарақалпақстан Республикасы Конституциясының 75-статьясына муўапық, нызамшылық баслама ҳуқықы арқалы ҳуқық дөретиўшилиги хызметин әмелге асырыўы, *екиншиси* болса абсолют, яғный, бунда ҳүкиметке ҳуқық дөретиўшилиги тараўында белгили бир ўәкилликлер бериледи (мәселен, нызам шығарыўшы уйымға басқа нызамшылық баслама ҳуқықына ийе субъектлерден усыныс етилген нызам жойбарлары бойынша жуўмақлар бериўи).

Ҳүкиметтиң нызам асты норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерди таярлаўдағы хызметиниң мақсети сыпатында төмендегилерди көрсетиў мүмкин:

- басқарыўға байланыслы анық бир мүнәсибетлерде мәмлекетлик сиясатты ислеп шығыў ҳәм оларды әмелге асырыў;

- ҳүкиметке бойсыныўшы юридикалық шахслар (кәрхана, шөлкем, мәкемелер) дың әмелдеги жумысларын норматив-ҳуқықый жақтан тәмийинлеў;

- тармақ уйымлары басқарыў хызметиниң форма ҳәм усылларын жетилистириў;

- атқарыўшы ҳәкимияттың орайлық уйымлары хызметинде өз-ара бирге ислесиўди тәмийинлеў;

- атқарыўшы ҳәкимияттың орайлық уйымлары ҳәм жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары арасында өз-ара мүнәсибетлерди муўапықластырыў ҳәм басқалар.

Ҳүкимет барлық түрдеги ҳәм түрли дәрежедеги норматив-ҳуқықый ҳүжжетлердиң жәмийет ҳәм мәмлекет турмысында қарар табыўында тиккелей, белсене қатнасады. Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2005-жыл 10-марттағы «Жәмийетти демократияластырыў ҳәм жаңалаў, мәмлекетти реформалаў ҳәм де модернизациялаўдың мақсет ҳәм ўазыйпаларын әмелге асырыў Бағдарламасы ҳаққында»ғы ПҚ-24-санлы қарары[1] менен тастыйықланған «Мәмлекет қурылысы ҳәм басқарыўы, нызам шығарыўшы ҳәкимияттың роли ҳәм тәсирин күшейтиў тараўында реформалардың үстин бағдарларын әмелге асырыў Концепциясы ның бир неше пунктлеринде орайлық мәмлекетлик басқарыў уйымларының айырым ўәкилликлерин жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымларына басқышпа-басқыш тапсырыў, орынларда мәмлекетлик басқарыў системасын жетилистириў, сондай-ақ, ҳәкимият ўәкилликли уйымлары, ҳәкимлер ўәкилликлерин кеңейттириў ҳәм анықластырыў ҳәм де ҳәкимлер

[1] Қараң: Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси палаталари Ахборотномаси. – 2005. – № 3–4. – 142-м.

жуўапкершилигин арттырыўды нәзерде тутыўшы «Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққында»ғы нызам жойбарын ислеп шығыў ҳәм орнатылған тәртипте нызам шығарыўшы органға киргизиў ўазыйпасы жүклетилген. Буннан тысқары, нызам шығарыўшы уйым тәрепинен қабыл етилген нызамларда «ҳүкимет өз норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерин усы Нызамға муўапықластырсын» деген қағыйдалардың бар екенлиги ҳүкимет ҳуқық дөретиўшилиги хызметиниң салмақлы ҳәм көп қырлылығын аңлатады.

## Биринши бап бойынша жуўмақ

Атқарыўшы ҳәкимияттың жоқарыда атап өтилген өзгешеликлерин кеңирек талқылаған ҳалда соны айтыў мүмкин, ҳәкимиятлар бөлиниўи принципине көре, атқарыўшы ҳәкимият мәмлекетлик ҳәкимияттың өзине тән ҳәм арнаўлы компетенцияға ийе атқарыў уйымларының системасы формасында көринетуғын бийғәрез тармағы болып табылады. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси ҳуқық дөретиўшилиги хызметиниң ҳуқықый тийкарлары Қарақалпақстан Республикасы Конституциясы ҳәм нызамларында өз көринисин тапқан.

Қарақалпақстан Республикасы Конституциясы ҳәм «Қарақалпақстан Республикасының Министрлер Кеңеси ҳаққында»ғы нызамында Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң тийкарғы ўазыйпалары ҳәм де ҳүкиметтиң хызметине тийисли қағыйдалар белгиленген.

Жоқарыдағы талқылаўлар тийкарында ҳуқық дөретиўшилиги тараўындағы ҳүкимет хызмети *нызамшылық баслама ҳуқықын әмелге асырыў* ҳәм де *мәмлекеттиң пүткил аймағында орынланыўы мәжбүрий болған ҳуқықый ҳүжжетлерди қабыл етиў* бағдарында алып барылады, деген жуўмаққа келиў мүмкин.

## II Бап. Қарақалпакстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары менен өз-ара мүнәсибетлери

### § 1. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси менен Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси арасындағы өз-ара мүнәсибетлердиң шөлкемлестириўшилик-ҳуқықый тийкарлары

Суверен статусқа ийе болған ҳәр қандай мәмлекет сыяқлы, Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик басқарыўы да ҳәкимиятлардың бөлиниў принципине тийкарланады. Оған көре, Қарақалпақстан Республикасында мәмлекетлик басқарыў нызам шығарыўшы, атқарыўшы ҳәм суд ҳәкимиятларына бөлинеди[1].

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң ҳәкимият ғәрезсизлигин тәмийинлеўши әҳмийетли факторлардан бири – Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы тийкарында қабыл етилген нызамлар ҳәм де қарарлардың мәмлекет, оның органлары, лаўазымлы шахслар, жәмийетлик бирлеспелер ҳәм Қарақалпақстан Республикасы пуқаралары тәрепинен толық орынланыўы.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси хызметиниң нәтийжелилиги мәмлекетлик ҳәкимият тармақларының өз-ара шериклигиндеги жумысларында, атап айтқанда, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳәм де Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси арасындағы келисим мүнәсибетлерин талқылағанда көринеди.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси мәмлекеттиң жоқары функциясы, яғный, Қарақалпақстан Республикасы Конституциясы ҳәм нызамларын ҳәм де нызам асты ҳүжжетлерин ислеп шығыў, додалаў, қабыл етиў ҳәм де оған өзгерис ҳәм қосымшалар киргизиў, сондай-ақ, мәмлекеттиң жәмийетлик турмысын миллий нызамшылық тийкарында ҳуқықый тәртипке

[1] Қараң: Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы. - Нөкис, 2014.

салыў функциясын әмелге асырса, оның орынланыўын шөлкемлестириў ҳәм басқарыў мәмлекетлик ҳәкимияттың жоқары атқарыўшы ҳәм басқарыўшы уйымы Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси – Қарақалпақстан Республикасы ҳүкиметиниң жуўапкершилигинде. Демек, бул еки мәмлекетлик ҳәкимияттың өз-ара келисим, тынышлық, бирге ислесиў ҳәм есап бериўшилик пенен жумыс алып барыўы конституциялық дүзимниң турақлы болыўында айрықша әҳмийетке ийе.

Ҳәзирги күнде Қарақалпақстан Республикасы мәмлекетлик басқарыўында Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳәм де Қарақалпақстан Республикасы суд ҳәкимиятларының бар екенлиги Қарақалпақстан Республикасы конституциялық дүзиминиң кепиллиги дәрежесин көрсетеди.

Бизге мәлим, алдынғы сырт ел мәмлекетлериниң бай тәжирийбесинен келип шыққан халда көпшилик мәмлекетлерде атқарыўшы ҳәкимияттың жоқары уйымы болған ҳүкимет тиккелей ямаса жанапай нызам шығарыўшы ҳәкимиятының жоқары уйымы болған парламент қатнасында дүзиледи ҳәм қәлиплеседи. Усы орында Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси менен Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң өз-ара мүнәсибетлерин жарытыўда алдынғы сырт ел мәмлекетлериниң бул бағдардағы тәжирийбесине қысқаша тоқталыў лазым. Атап айтқанда, Германия Республикасы Конституциясының 62-статьясында Федерал канцлер кандидатурасы Республика Президенти тәрепинен Бундестаг – төменги палатаға усынылады. Бунда Бундестагтан орын алған сиясий партия фракциялары шешиўши орын ийелейди[1]. Италия Республикаси Конституциясының 92-статьясында Республика Президенти Министрлер Кеңеси Баслығын тайынлайды ҳәм де оның усынысы бойынша министрлерди лаўазымға қояды[2]. Бунда, әлбетте, Республика Парламентинен орын алған сиясий партиялардың көз-қарасы Парламент төменги палатасының тәсири

[1] Қараң: Конституции зарубежных государств: Учебное пособие / Сост. проф. В.В.Маклаков. 4-е изд., перераб. И доп. – М., 2003 // http://www. uznal.org/constitution.php?text=Germany&language=r

[2] Қараң: Конституция мира. Т. 6. // Сост. и авторы вступ. статей У.Таджиханов, А.Х.Саидов. – Т., 1998. – С. 340.

сыпатында сәўлеленип, Республика ҳүкимети қурамын қәлиплестириўде бирлемши фактор есапланады.

Франция Республикасы Конституциясының 50-статьясына көре, «егер Миллий Мәжилис ҳүкиметке қарағанда ескертиў қарарын қабыл етсе яки ол ҳүкиметтиң улыўма сиясаты ҳаққындағы Бағдарлама ямаса баянатын мақулламаса, ол жағдайда Премьер-министр ҳүкиметтиң отставка бериў ҳаққындағы арзасын республика Президентине усынады»[1].

Уллы Британияда мәмлекет баслығы Республика ҳүкиметин қәлиплестириўде Парламенттиң төменги палатасына болған сайлаўлар нәтийжесин бирлемши фактор деп қабыл етеди ҳәм де ең көп орын алған сиясий партияның ўәкилин ҳүкимет баслығы лаўазымына тайынлайды, өз гезегинде, Премьер-министр де сиясий мәсләҳәтшилеринен ибарат қурамда ҳүкимет ағзаларын лаўазымларға тастыйықлайды[2].

Япония атқарыўшы ҳәкимиятына Министрлер Кабинети басшылық етиўи ҳәм оның Парламент алдында жуўапкер екенлиги белгилеп қойылған[3].

Чехия Конституциясының 67, 68-статьяларында ҳүкимет жоқары атқарыўшы ҳәкимият есапланады ҳәм депутатлар Палатасының алдында жуўапкер, деп белгиленген[4].

Жоқарыда келтирилген алдынғы сырт ел мәмлекетлериниң Парламент ҳәм ҳүкиметлериниң өз-ара мүнәсибет механизминде ҳүкимет өз жумысларын әмелге асырыўда мәмлекет басшысы ҳәм де Парламент алдында жуўапкерлиги ҳәм есап бериўшилиги тастыйықланбақта.

Президентлик республикасы мәмлекетлик басқарыў формасындағы мәмлекетлерде Президент мәмлекет баслығы ҳәм атқарыўшы ҳәкимият басшысы сыпатында Парламент қатнасыўысыз өз ўәкиллеринен ибарат ҳүкимет қурамын қәлиплестиреди.

---

[1] Қараң: Конституция мира. Т. 6. // Сост. и авторы вступ. статей У.Таджиханов, А.Х.Саидов. – Т., 1998. – С. 348.

[2] Қараң: Көрсетилген дерек. – Б. 340.

[3] Қараң: Конституция мира. Т. 6. // Сост. и авторы вступ. статей У.Таджиханов, А.Х.Саидов. – Т., 1998. – С. 396.

[4] Қараң: Конституция мира. Т. 6. // Сост. и авторы вступ. статей У.Таджиханов, А.Х.Саидов. – Т., 1998. – С. 414.

Буған тийисли болмаған жағдай дуалистлик республика мәмлекетлик басқарыўдағы мәмлекетлерге тән болып, мәмлекет баслығы өз ерк-ықрарын көрсеткен ҳалда, сондай-ақ, Парламент яки Парламенттиң төменги палатасы көз-қарасын итибарға алған ҳалда ҳүкиметти қәлиплестириўде өзине конституциялық-ҳуқықый моделди қолланып, ҳүкимет қурамын дүзеди.

Қарақалпақстан Республикасының норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерине муўапық, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси арасындағы өз-ара мүнәсибетлердиң қысқаша өзгешеликлери төмендегилерден ибарат.

*Биринщиден,* Қарақалпақстан Республикасының Тийкарғы нызамына муўапық, «Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси тәрепинен дүзиледи. Республика Минстрлер Кеңеси өз хызмети бойынша Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси алдында есап бериўши есапланып, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы тиккелей Республика Жоқарғы Кеңеси ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң келисип ислеўин тәмийинлейди».

*Екиншиден,* «Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси тәрепинен Республика Жоқарғы Кеңеси Баслығының Өзбекистан Республикасы Президенти менен келисилген усынысына көре, Республика Министрлер Кеңесиниң Баслығын тайынлайды ҳәм лаўазымынан азат етеди. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасарлары ҳәм ағзаларын Республика Министрлер Кеңесиниң усынысына муўапық, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси тәрепинен, егер сессиялар дәўиринде Республика Жоқарғы Кеңеси Президиумы тәрепинен кейин ала Республика Жоқарғы Кеңесиниң тастыйығы менен тайынланады ҳәм лаўазымынан азат етиледи. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси тәрепинен Қарақалпақстан Республикасы министрликлерин, мәмлекетлик комитетлерди ҳәм басқа да

мәмлекетлик басқарыўдың уйымларын дүзеди ҳәм де жумысын муўапықластырады».

Бул қағыйдаларда Қарақалпақстан Республикасында Министрлер Кеңеси жумысын қәлиплестириўде тиккелей Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң қатнасыўын нәзерде тутатуғын нормалар беккемленген. Сондай-ақ, бул функция арқалы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси жумысының нәтийжелилигин арттырыў, белгили бир министрлик яки мәмлекетлик комитет, мәмлекетлик басқарыў уйымын дүзиў ҳәм де хызметин муўапықластырыў бағдарында қарарлар қабыл етиў арқалы, жоқары ўәкиллик уйымының сиясий-ҳуқықый жатнасыўын сәўлелендиреди.

*Үшиншиден,* «Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Республика Министрлер Кеңеси тәрепинен ислеп шығылған мәмлекетлик бюджет жойбарын ҳәм оның орынланыўы бойынша есабатларды ҳәм де республика аймағында экономикалық, социаллық ҳәм мәдений тараўлар бойынша раўажландырыў көрсеткишлерин тастыйықлайды, сондай-ақ, Министрлер Кеңесиниң әмелдеги Республика Конституциясы ҳәм нызам ҳүжжетлериниң орынланыўы бойынша қадағалаў жүргизеди».

Буны тиккелей Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси менен Республика Министрлер Кеңесиниң бирге ислесиўиндеги мәмлекетке тийисли ҳуқықый ўазыйпалары деп қараў мақсетке муўапық. Атап айтқанда, Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик бюджетин ислеп шығыў ҳәм де қабыл етиў, әсиресе, оның орынланыўын тәмийинлеў ҳәм қадағалаў мәселеси бүгинги күнде мәмлекет ҳәм жәмийет турмысындағы жетекши мәселес сыпатында қаралады.

*Төртиншиден,* Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳәм оның қурамындағы комитетлер ҳәм де комиссияларының мәжилислеринде Республика Министрлер Кеңеси Баслығы ҳәм оның орынбасарлары, министрлер, мәмлекетлик комитетлердиң баслықлары ҳәм басқа да атқарыўшы мәмлекетлик уйымлардың басшылары белгиленген тәртипте

қатнасады. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесинде Республика Министрлер Кеңеси нызамшылық басламасы ҳуқықынан пайдаланады.

Бул қағыйдаларда Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси нызамшылық басламасы ҳуқықына ийе субъект сыпатында нызамшылық ҳәкимияты хызметин әмелге асырыўшы уйымның жумысын жеңиллестирип ғана қалмай, ал, нызамлардың орынланыўын тәмийинлеў сапасына баҳа береди, әмелиятта нызамлардың реал ҳәм бар болған жәмийетлик қатнасықларға тийислилигин тастыйықлайды. Нызамшылық техникасы нәтийжелилигин тәмийинлеў бойынша шөлкемлестириўшилик-ҳуқықый ис-илажлар көреди. Бунда Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Республика Жоқарғы Кеңеси менен өз-ара мүнәсибетлерине байланыслы хуқықый механизмниң бар екенлиги, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси нызамшылық басламасы менен шыққан жағдайда, оның ўәкили Республика Жоқарғы Кеңесинде ҳәм тийисли тәртипте ҳүкимет көз-қарасын нызам жойбарында бар болған қағыйдаларды қорғаў арқалы сәўлелендириў имканиятына ийе екенлиги итибарға ылайық. Ҳәр жылы Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң нызам жойбарларын таярлаўға байланыслы ис режесиниң тастыйықланыўы пикиримиздиң дәлили болып табылады.

*Бесиншиден,* Қарақалпақстан Республикасы парламент Баслығы, Республика Министрлер Кеңеси Баслығының усынысына муўапық, районлар ҳәм қалалардың ҳәкимлерин тайынлайды ҳәм лаўазымынан азат етеди, кейин ала тийисли халық депутатлары кеңеси тәрепинен тастыйықланады. Республика ҳүкимети жаңадан сайланған Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси алдында өз ўәкилликлерин жуўапкершилигинен алып таслайды ҳәм басқалар.

Жоқарыда келтирип өтилгенлерден тысқары, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси менен Республика Министрлер Кеңеси Республиканың ишки ҳәм сыртқы экономикалық сиясатына байланыслы тийкарғы бағдарларды белгилеў ҳәм де мәмлекетлик стратегиялық

бағдарламаларды қабыл етиў сыяқлы мәселелерде бирге ислесиўин де келтириўимиз мүмкин. Мәмлекеттиң ҳәр тәреплеме раўажланыўында олардың келисип ислеўин тәмийинлеў ҳәр еки мәмлекетлик ҳәкимият уйымының улыўма мақсети, жумысларының улыўма екенлигинен дерек береди.

Қарақалпақстан Республикасы Конституциясының 70-статьясында белгиленген нормалар Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси мәмлекетлик уйымының бийғәрез тармақлары – нызам шығарыўшы, атқарыўшы ҳәм де суд ҳәкимияты уйымларының системасын ҳәм ўәкилликлерин белгилеўде Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳәм де Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси арасындағы ҳуқықый мүнәсибетлердиң айрықша тәртиби бар екенлигин көрсетеди[1].

Бунда Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси, оның системасындағы барлық мәмлекетлик органлардың ҳуқықый статусын белгилеў ўазыйпасы жүклетилгенин итибарға алсақ, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымларын шөлкемлестириў арқалы жоқары атқарыўшы ҳәм басқарыўшы мәмлекетлик ҳәкимияттың шөлкемлестириўшилик-ҳуқықый хызметине де жуўапкер екенлигин аңлаў мүмкин.

Бул бағдардағы ҳуқықый мүнәсибетлерде Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси өз жумысы көз-қарасынан Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң алдында есап бериўшилигин атап өтиў орынлы. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси хызметинде есап бериўшилик мәселесин айрықша ҳуқықый институт сыпатында енгизилиўин демократия формасының бир көриниси десек қәте болмайды. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси хызметиндеги есап бериўшилик мәселеси ең раўажланған мәмлекетлерден тартып, ҳуқық системасы ендиғана раўажалып атырған

---

[1] Қараң: Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы. – Нөкис, 2006.

мәмлекетлерде де әмелдеги тәртип есапланады. Тек ҳүкиметтиң қайсы уйым алдында есап бериўшилиги мәселесине байланыслы жантасыў ҳәр бир мәмлекетте өзине тән тәртипте шешилген. Себеби, ҳүкимет қолында белгили дәрежеде пүткил мәмлекет механизмин ҳәрекетке келтириўши қураллар жыйындысы бар болып, мәмлекет баслығы ҳәм де парламент турақлы рәўиште ҳүкимет жумысларын қадағалаў арқалы пүткил атқарыўшы ҳәкимияттағы жағдайға сиясий-ҳуқықый баҳа бериў имканиятына ийе болады.

Ҳүкимет хызметиндеги есап бериўшилик институтына Франция Республикасы Конституциясында көрсетилген төмендеги тәртипти мысал етиўимиз мүмкин. Оның 50-статьясына көре, «егер Миллий Мәжилис ҳүкиметке ескертиў қарарын қабыл етсе яки ол ҳүкиметтиң улыўма сиясаты ҳаққындағы бағдарлама ямаса баянатын мақулламаса, ол жағдайда Премьер-министр ҳүкиметтиң отставка бериў хаққындағы арзасын республика Президентине усынады»[1].

Демек, ҳүкимет өз жумысы яки оның тийкарғы бағдарлары бойынша Миллий Мәжилистиң (Парламенттиң төменги палатасы) исенимине ерисиўи керек болады. Парламент исенимине ерисиў болса ҳүкиметтиң жумыс бағдарламасын ямаса оның улыўма сиясаты бағдарларының мақуланғанлығын аңлатады. Бирақ, зәрүр жағдайларда Премьер-министр де (Президент басшылығында өткерилетуғын ҳүкимет мәжилисинде) қандай да бир нызам ҳүжжетиниң қабыл етилиўи мүнәсибети менен Миллий Мәжилисте ҳүкиметке исеним билдириў мәселесин киргизиўи мүмкин.

Исеним билдириў (вотум) бул парламентар республикаларда ҳүкиметтиң Парламент алдында жуўапкерлиги принципин әмелге асырыўдың тийкарғы формасы болып табылады.

Қарақалпақстан Республикасының Тийкарғы нызамында Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Республика Жоқарғы

[1] Қараң: Конституция мира. Т. 6. // Сост. и авторы вступ. статей У.Таджиханов, А.Х.Саидов. – Т., 1998. – С. 348.

Кеңеси алдында жуўапкер ҳәм оған есап береди, сондай-ақ, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси өз жумыслары ҳаққында Республика Жоқарғы Кеңеси алдында ҳәр жылы keминде бир мәрте есап береди, деген қағыйдалар беккемленген. Бул есап бериўшилик институтының бар екенлиги мазмуны бойынша төмендегилер менен түсиндириледи:

*биринshiден,* Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Республика Министрлер Кеңесин қәлиплестириўдеги қатнасы республика ҳүкиметиниң парламент алдында есап берип турыўын шәрт етип қояды;

*екиншиден,* Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси ўәкиллигине тийисли Республика Жоқарғы Кеңесиниң, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының, қурамындағы комитетлери ҳәм комиссияларының ҳәм республика Жоқарғы Кеңеси депутатларының сораўлары Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң мәмлекет мәплерине хызмет етиўин талап етеди;

*үшиншиден,* ҳуқықый демократиялық мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийетиниң ҳәрекетте болыўы ушын зәрүрли шәрт сыпатында Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң хызмети бойынша пуқаралық жәмийети институтлары тәрепинен жәмийетлик қадағалаўды алып барыў (мәселен, демократиялық институтлар, мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер ҳәм пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары);

*төртиншиден,* Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң комитетлери ҳәм комиссиялары тәрепинен нызамлардың орынланыўын шөлкемлестириў дәрежесине баҳа бериў;

*бесиншиден,* Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси тәрепинен әмелдеги нызам ҳүжжетлерине тийкарланып дүзилген сыртқы экономикалық, илимий-техникалық ҳәм мәдений тараўлардағы мәмлекетлер аралық ямаса халықаралық шәртнамаларды тастыйықлаў зәрүрлиги;

*алтыншыдан,* Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси қурамындағы Конституциялық бақлаў комитети тәрепинен Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң ҳуқық дөретиўшилиги бойынша қабыл етилген норматив-ҳуқықый ҳүжжетлериниң Қарақалпақстан Республикасы Конституциясы ҳәм нызам ҳүжжетлерине сәйкеслигин қадағалаў зәрүрлиги.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Республика Жоқарғы Кеңеси алдында есап бериўшилигин белгилеўши қағыйдалар ҳәм де оны әмелге асырыў формалары төмендегилерде өз көринисин тапқан.

*1. Республика Жоқарғы Кеңеси мәжилислеринде есап бериў.* «Қарақалпақстан Республикасының Министрлер Кеңеси ҳаққында»ғы (жаңа редакциядағы) нызамының 6-статьясына муўапық, жаңадан қәлиплестирилген Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси өз ўәкилликлери шеңберинде хызметин Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине усыныс етеди.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Қарақалпақстан Республикасын экономикалық, социаллық ҳәм мәдений тараўларда раўажландырыўдың тийкарғы көрсеткишлерин, сондлй-ақ, мәмлекетлик бюджеттиң тийкарғы көрсеткишлерин ислеп шығады ҳәм де оған өзгерислер киргизеди, оны Республика Жоқарғы Кеңесиниң тастыйықлаўына усынады.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң жумысы қанатландырарсыз деп табылған жағдайда, Республика Жоқарғы Кеңеси Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси қурамын өзгертиў мәселесин қойыўға ҳақылы.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳәм оның Президиумы зәрүрлик туўылғанда Республика Министрлер Кеңесиниң айырым ағзаларының есабын тыңлаўы мүмкин.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң ағзалары Республика Жоқарғы Кеңесиниң мәжилислерине, сондай-ақ, Жоқарғы Кеңес

қурамындағы комитетлер ҳәм комиссиялардың мәжилислерине орнатылған тәртипте қатнасыўға ҳақылы.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси депутатлары Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси ямаса оның айырым ағзалары жумысына тийисли мәселелер қойылған жағдайда, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығы бул мәселе бойынша зәрүр мағлыўматлар алыўға ҳәм түсиндириўлер бериўге ҳақылы.

*2. Қарақалпақстан Республикасы Жоқаргы Кеңесиниң комитет ҳәм комиссияларына есап бериў.*

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Қарақалпақстан Жоқарғы Кеңеси комитет ҳәм комиссияларының Қарақалпақстан Республикасы ҳүкиметиниң хызмети мәселелерине тийисли усынысларды көрип шығады ҳәм де олар бойынша ис-илажлар көреди. Усынысларды көрип шығыў нәтийжелери ҳәм де көрилген ис-илажлар ҳаққында Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Республика Жоқарғы Кеңесиниң тийисли комитетлерине нызам ҳүжжетлеринде белгиленген мүддетте мәлим етеди.

3. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси депутатының сораўына жуўап бериў. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси депутатынан Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң яки оған бойсыныўшы мәмлекетлик ямаса хожалық басқарыўы уйымларының хызметине байланыслы депутат сораўын алған Қарақалпақстан Республикасы ҳүкимети яки оның ағзасы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине үш күн мүддет ишинде аўызеки ямаса жазба жуўап бериўи шәрт[1].

Жуўмақластырып айтқанда, Қарақалпақстан Республикасы Парламенти менен ҳүкимети арасындағы мүнәсибетлерде есап бериўшилик институтының бар екенлиги республиканы ҳәр тәреплеме раўажландырыўда

---

[1] Қараң: Қарақалпақстан Республикасының «Министрлер Кеңеси ҳаққында»ғы 1998-жыл 29-январь нызамының 7-статьясы.

тийкарғы факторлардан бири есапланады. Ҳүкиметтиң есап бериўшилиги Жоқарғы Кеңес ҳәм оның Президиумы ҳәм де комитет ҳәм комиссиялары алдында есап бериў, сондай-ақ, Жоқарғы Кеңес депутатлары сораўына жуўап бериў сыяқлы формаларда көринеди.

## § 2. Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинети менен Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң өз-ара мүнәсибетлери

Өзбекистан Республикасы Президенти Ислам Каримов Өзбекистан Республикасы менен Қарақалпақстан Республикасы арасындағы мүнәсибетлер бойынша пикир билдирип, «Өзбекистан Республикасы Қарақалпақстан Республикасының статусын тән алады ҳәм оның суверенитетин қорғайды. Өзбекистан менен Қарақалпақстанның өз-ара мүнәсибетлери ҳәр еки республика арасында дүзилетуғын шәртнамалар ҳәм келисимлер тийкарында тәртипке салынады»[1], деп атап өткен.

Өзбекистан Республикасы Министрлер Кеңеси ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси арасындағы мүнәсибетлер ҳәр еки республиканың Конституцияларында ҳәм нызамларында ҳуқықый тәрептен анық белгилеп берилген. Атап айтқанда, «Өзбекистан Республикасының Министрлер Кабинети ҳаққында»ғы нызамы[2], сондай-ақ, «Қарақалпақстан Республикасының Министрлер Кеңеси ҳаққында»ғы нызамы буған мысал бола алады[3].

Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинети менен Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси арасындағы мүнәсибетлердиң шөлкемлестириў механизмин Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинети жанында жумыс алып барып атырған Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Турақлы ўәкилханасы сәўлелендиреди.

---

[1] *Каримов И.А.* Ўзбекистон: миллий истиқлол, иқтисод, сиёсат, мафкура. Т.1. – Т., 1996. – 127-б.
[2] Қараң: Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. – Т., 2003. – № 9–10. – 138-м.
[3] Қараң: Қарақалпақстан Республикасының «Министрлер Кеңеси ҳаққында»ғы 1998-жыл 29-январь нызамы // Биринши шақырық Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң он төртинши сессиясы – Нөкис, 1998. – 21-с.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Турақлы ўәкилханасы Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинети, сондай-ақ, Өзбекистан Республикасы министрликлери, мәмлекетлик комитетлериниң ҳәм мәкемелериниң Қарақалпақстан Республикасының Министрлер Кеңеси, министрликлери, мәмлекетлик комитетлери ҳәм мәкемелери менен хожалық ҳәм социаллық-мәдений қурылыс мәселелери бойынша рәсмий қатнасықларды әмелге асыратуғын Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси қурамына кириўши бийғәрез ўәкиллик уйымы есапланады.

Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Турақлы ўәкилханасы ның пүткил хызметине тиккелей басшылықты Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси әмелге асырады.

Төмендегилер турақлы ўәкилхананың тийкарғы ўазыйпалары есапланады:

– Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси тәрепинен Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинети ўәкиллигине байланыслы киргизилген усынысларды Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинети, Өзбекистан Республикасының министрликлери, мәмлекетлик комитетлери ҳәм мәкемелеринде көрип шығыў ҳәм шешиўде турақлы қатнасыў;

– Қарақалпақстан Республикасының хожалық, мәдений ҳәм қаржы мәселелери ҳаққында орнатылған тәртипте Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетин хабардар етиў;

– Қарақалпақстан Республикасына тийисли хожалық, мәдений ҳәм қурылыс мәселелери бойынша Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң қарар ҳәм бийликлери жойбарын ислеп шығыў ҳәм көрип шығыўда Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен орнатылған тәртипте қатнасыў;

– Өзбекистан Республикасының Экономика министрлиги, министрликлери, мәмлекетлик комитетлери, мәкемелери ҳәм басқа да

уйымлары, сондай-ақ, Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң турақлы әмел етиўши яки арнаўлы шөлкемлестирилген комиссияларында экономикалық ҳәм социаллық прогрессти талқылаў бойынша перспективалы ямаса жыллық жойбарлар, мәмлекетлик бюджет, материаллық-техникалық тәмийнат ҳәм Қарақалпақстан Республикасына тийисли болған барлық басқа да мәселелерди таярлаў ҳәм көрип шығыўда қатнасыў;

– Өзбекистан Республикасы ҳүкимет уйымларының рәсмий талабына көре, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесине киргизилген мәселелер бойынша мағлыўматлар ҳәм қосымша материалларды усыныў;

– Қарақалпақстан Республикасының басқа республикалар менен сыртқы экономикалық, илимий-техникалық ҳәм мәдений байланысларын кеңейттириў ҳәм беккемлеў бойынша илажларды әмелге асырыўда Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинети аппараты менен жумысқа тийисли қатнасықларды әмелге асырыў;

– көргизбелер, көрсетиўлер, дөретиўшилик шығыўлар, баянатлар шөлкемлестириў ҳәм де Қарақалпақстан Республикасының санаат, аўыл хожалығы, қурылыс ҳәм мәдeният тараўында ерискен табысларын ғалабаластырыўда қатнасыў;

– Өзбекистан Республикасының оқыў орынларында Қарақалпақстан Республикасы ушын кадрларды таярлаў ҳәм оларды Қарақалпақстан Республикасында ислеў ушын жибериўге, жоқары оқыў орынларына таңлаўдан тысқары қабыл етиў ҳәм мақсетли аспирантура бойынша республика ушын ажыратылған орынлардан пайдаланыўға әмел етиў, студентлер ҳәм аспирантлар менен байланыста болыў, ўақты-ўақты менен студентлер ҳәм аспирантлардың республиканың илим ҳәм мәдeният ғайраткерлери менен ушырасыўларын өткериў, олардың оқыўын табыслы тамамлаўы ушын зәрүр болған жәрдемди бериў;

– Қарақалпақстан Республикасынан Ташкент қаласына хызмет сапарына жиберилген Қарақалпақстан Республикасының жуўаплы қәнигелерине хызмет тапсырмаларын орынлаўда ҳәм де жеке шахслар –

Қарақалпақстан Республикасы пуқаралары жәрдем сорап мүрәжат еткен жағдайда, оларға зәрүр жәрдемди бериў ҳәм басқалар.

Турақлы ўақилхана жоқарыда көрсетилген функцияларды әмелге асырыўда төмендеги ҳуқықларға ийе:

– Өзбекистан Республикасының барлық органлары менен ҳәр бир айрықша жағдайда Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси тәрепинен берилген ўәкилликлерди тиккелей қосып алып барыў;

– Қарақалпақстан Республикасы министрликлери, мәмлекетлик комитетлери ҳәм мәкемелеринен Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинети ҳәм Өзбекистан Республикасының басқа да ҳүкиметлик уйымларында көрип шығылып атырған мәселелер бойынша зәрүр мағлыўматларды, есап-китапларды, тийкарлар ҳәм жуўмақларды алыў;

– Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң тапсырмасы бойынша оның атынан Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинети, министрликлер, мәмлекетлик комитетлер, мәкемелер ҳәм Өзбекистан Республикасының басқа да мәмлекетлик уйымларына мүрәжат етиў;

– Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң Қарақалпақстан Республикасына байланыслы қарарлары жойбарына Қарақалпақстан Республикасының тийисли шөлкемлери, зәрүрлик туўылғанда болса, Қарақалпақстан Республикасы басшылығы менен келискен ҳалда усынıслар ҳәм жуўмақлар бериў;

– Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Ислер басқармасынан Қарақалпақстан Республикасының барлық нызамлары, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳәм оның Президиумы қарарлары ҳәм де Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң қарар ҳәм бийликлери, сондай-ақ, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси тәрепинен Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинети, Өзбекистан Республикасының барлық мәмлекетлик басқарыў уйымларына жиберилген ҳүжжетлериниң нусқаларын алыў ҳәм басқалар.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2003-жыл 14-апрельдеги 83/2-санлы қарары менен тастыйықланған Режениң 6-статьясына муўапық, Турақлы ўәкилханаға Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси тәрепинен тайынланған ўәкил басшылық етеди. Турақлы ўәкилдиң Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси тәрепинен тайынланған орынбасарлары болады.

Турақлы ўәкилхана хызмети турақлы ўәкил тәрепинен ислеп шығылған ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси тәрепинен тастыйықланатуғын Реже тийкарында жүргизиледи.

Турақлы ўәкилхананың қурамлық дүзилиси ҳәм штаты (хызметкерлер саны) Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси тәрепинен тастыйықланады.

Турақлы ўәкилхананы тәмийинлеў ушын қаржы Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик бюджетинде нәзерде тутылады.

Жоқарыдағыларды талқылаў тийкарында Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң атап өтилген ўәкиллик уйымы хызмети бойынша илимий пикир жүргизиўди лазым таптық.

Юридикалық әдебиятларда Турақлы ўәкилхана институты шөлкемлестириўшилик-ҳуқықый форма сыпатында ўәкиллик органы болып, ҳуқықта қайсы ҳуқық тараўында қолланылыўына қарай түрлише түсиндирилген. Турақлы ўәкилхана халықаралық ҳуқықта ўәкиллик формасындағы уйым (миссия) болып, мәмлекет тәрепинен өзи ағза болған бир ямаса бир неше ҳүкиметлер аралық шөлкемлер жанында дүзиледи[1]. Пуқаралық ҳуқықында Турақлы ўәкилхана юридикалық шахстың ол турған жерден тысқарыда жайласқан, юридикалық шахс мәплерин сәўлелендиретуғын ҳәм оларды қорғайтуғын айрықша бөлими деп тән алынған[2].

---

[1] Қараң: Ўзбекистон миллий энциклопедияси. Т.3. – Т., 2002. – 339-б.
[2] Қараң: Ўзбекистон Республикасининг Фуқаролик кодекси. Расмий нашр. – Т., 2003. – 496-б.

Дүзилиси бойынша федератив көриниске ийе болған мәмлекетлерде жоқары мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары арасындағы мүнәсибетлер «Турақлы ўәкилханалар» формасында жолға қойылған. Бул түсиникти конституциялық-ҳуқықый жақтан жарытыўға ҳәрекет етемиз.

Бизге мәлим, Қарақалпақстан Республикасы мәмлекетлик ҳәкимият системасы қәлиплесиўиниң дәслепки күнлеринен-ақ атқарыўшы ҳәкимият – ҳукиметтиң Өзбекистан Республикасы ҳүкимети менен мүнәсибетлериниң шөлкемлестириўшилик-ҳуқықый тийкарларын жаратыў Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик қурылыс тараўындағы реформаларының әҳмийетли бағдарларының бирине айтылады. Усы тийкарда өз-ара мүнәсибетлер Қарақалпақстан Республикасының Тийкарғы нызамында Өзбекистан Республикасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы арасында дүзилетуғын шәртнама ҳәм питимлер менен тәртипке салыныўы белгилеп қойылды[1].

«Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси ҳаққында»ғы нызамының 9-статьясында «Өзбекистан Республикасының Министрлер Кабинети, министрликлери, мәмлекетлик комитетлери ҳәм басқа да хожалық басқарыў уйымлары менен Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң күнделикли мүнәсибетлерин тәмийинлеў мақсетинде, Өзбекистан Республикасының Министрлер Кабинети жанында Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Турақлы ўәкилханасы болады», деген қағыйда белгилеп қойылды. Турақлы ўәкилхана, ең дәслеп, республиканың ҳәм стратегиялық, ҳәм тактикалық характердеги өз сыртқы сиясат векторын белгилеўине көмеклесиўши өзине тән мәлимлеме орайы («мәлимлеме кесилиспеси», «көп дыққатлы тармақ») есапланады. Соның менен бирге, Турақлы ўәкилхана атқарыўшы уйымлар жумысын муўапықластырыўшы институт болып та табылады.

Жоқарыдағы пикирлерге сүйенип, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Турақлы ўәкилханасы атқарыўшы уйымлар

---

[1] Қараң: Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы. – Нөкис, 2006.

системасының бийғәрез бир түрин қурайды, деген жуўмаққа келиў мүмкин. Демек, *Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Турақлы ўәкилханасы* – Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинети, оның қурамына кириўши министрликлер, мәмлекетлик комитетлер ҳәм мәкемелери арасындағы хожалық, мәдений ҳәм қурылыс тараўларында өз-ара рәсмий қатнасықларды тәмийинлеўши, өз хызмети бойынша Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси алдында есап бериўши, ўәкиллиги шеңберинде Қарақалпақстан Республикасы атқарыўшы мәмлекетлик уйымларының өз-ара бирге ислесиўин тәмийинлеўши, Өзбекистан Республикасында Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң мәплерин сәўлелендириўши, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси қурамына кириўши бийғәрез шөлкемлестириўшилик-ҳуқықый уйым.

## § 3. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң орайлық мәмлекетлик басқарыў уйымлары ҳәм де жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары менен өз-ара мүнәсибетлери

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң мәмлекетлик басқарыў уйымлары менен өз-ара мүнәсибетлерин бир неше бағдарларға бөлиў мүмкин:

*биринши,* министрликлер, мәмлекетлик комитетлер ҳәм басқа да мәкемелер менен;

*екинши,* жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары менен;

*үшинши,* ҳүкимет тәрепинен шөлкемлестирилген мәмлекетлик ҳәм хожалық басқарыў уйымлары менен;

*төртинши,* Қарақалпақстан Республикасы аймағында жайласқан Өзбекистан Республикасына бойсыныўшы шөлкемлер менен өз-ара мүнәсибетлерге бөлиў мүмкин.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси мәмлекеттеги барлық атқарыўшы ҳәкимият уйымлары, мәкеме ҳәм кәрханалар ҳәм де шөлкемлер системасын басқарар екен, бул арқалы жергиликли атқарыўшы

мәмлекетлик ҳәкимият уйымларына тиккелей ямаса улыўма басшылық етеди. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси менен жергиликли атқарыўшы ҳәкимият уйымларының өз-ара мүнәсибетлериниң ҳуқықый тәртиби «Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси ҳаққында»ғы (жаңа редакциядағы) нызамның 8-статьясында айрықша беккемленген. Атап айтқанда:

– Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси тәрепинен шешилиўи талап етилетуғын мәселелер бойынша район ҳәм қала ҳәкимлериниң усынысларын көрип шығады;

– Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси тәрепинен қабыл етилген қарар ҳәм бийликлердиң орынланыўын қадағалайды;

– Қарақалпақстан Республикасы министрликлериниң, мәмлекетлик комитет ҳәм басқа да мәмлекетлик ҳәм хожалық басқарыў уйымларының қала ҳәм район ҳәкимлери менен өз-ара мүнәсибет үйретиўин тәмийинлейди ҳәм пайда болған бәсекили мәселелерди шешеди;

– жергиликли атқарыўшы мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының район ҳәм қалалық халық депутатлары Кеңеслери менен, сондай-ақ, аймақлардағы пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары менен бирге ислесиўин муўапықластырады;

– министрликлер, мәмлекетлик комитетлер, мәкемелер ҳәм де мәмлекетлик ҳәм хожалық басқарыў уйымларының район ҳәм қала ҳәкимлери менен өз-ара бирге ислесиўин тәмийинлейди, бунда жүзеге келетуғын даўлы мәселелерди шешеди;

– аймақларды экономикалық, социаллық ҳәм мәдений жақтан раўажландырыўдың тийкарғы көрсеткишлерин тастыйықлайды, жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының қурамы ҳәм дүзилисин белгилейди;

– район, қала ҳәкимлери ҳәм олардың орынбасарларын сыйлықлайды, сондай-ақ, оларға дүзетиў жазаларын қолланады;

– район ҳәм қала ҳәкимлериниң нызам ҳүжжетлерине қайшы болған қарарлары ҳәм бийликлериниң орынланыўын тоқтатып қойыў ҳәм де оларды бийкар етиўге ҳақылы.

Қарақалпақстан Республикасының «Орынлардағы мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары ҳаққында»ғы 1998-жыл 29-январь нызамында белгиленген нормаларда жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының ҳүкимет пенен өз-ара мүнәсибетлерине тийисли және бир қатар әҳмийетли қағыйдалар беккемленген.

Район, қала ҳәкими район ҳәм қаланың жоқары лаўазымлы шахсы болып, әйне ўақытта тийисли аймақтағы атқарыў ҳәкимиятын басқарады.

Сонлықтан да ҳүкимет тиккелей ҳәкимниң хызметине тийисли төмендеги ис-илажларды әмелге асырады:

*бириншиден,* ҳәкимлер Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси тәрепинен белгилеп қойылатуғын муғдардағы биринши орынбасары ҳәм орынбасарларына ийе болады;

*екиншиден,* ҳүкимет жергиликли атқарыўшы мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының жумысын тәртипке салыўшы режелерди тастыйықлайды;

*үшиншиден,* Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси менен тийисли ҳәкимниң келисимине муўапық, район, қала атқарыў ҳәкимияты уйымларының структурасы ҳәм штатлары санын белгилейди ҳәм өзгертеди;

*төртиншиден,* Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары аппараты ағзаларын тастыйықлайды.

Қарақалпақстан Республикасы жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының жумысларын тәртипке салыўшы нызам ҳүжжетлеринде Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси менен жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының өз-ара мүнәсибетлерине тийисли және бир қатар әҳмийетли қағыйдалар беккемленген. Атап айтқанда, район ҳәм қала ҳәкиминиң биринши орынбасар ҳәм орынбасарларын Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы лаўазымға тайынлаўы ҳәм азат

етиўи, кейин ала қабыл етилген қарарды халық депутатлары районлық ҳәм қалалық Кеңесине тастыйықлаў ушын усыныўы белгилеп қойылған. Орынлардағы жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары басқармалар, бөлимлер ҳәм бөлимшелерден ибарат болып, олардың дүзилиси, жумысын шөлкемлестириў Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси тәрепинен тастыйықланатуғын тийисли Режелер менен белгилениўи көрсетилген. Сондай-ақ, жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият қурамлық дүзилмелериниң басшылары ҳәкимниң усынысы тийкарында халық депутатлары Кеңеси, сессиялар аралығында ҳәким тәрепинен лаўазымға тайынланады ҳәм азат етиледи. Қабыл етилген қарар халық депутатлары Кеңесине тастыйықлаў ушын усыныс етиледи.

Халық депутатлары районлық ҳәм қалалық Кеңеслериниң қарарларын Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси белгиленген тәртипте тоқтатыўға ҳақылы.

Өзбекистан ҳәм Қарақалпақстан Республикалары Конституциялары ҳәм нызамларына қайшы келетуғын район ҳәм қала ҳәкиминиң қарарларына прокурор тәрепинен протест келтирилиўи мүмкин. Прокурор протест билдирген қарарларды ҳәкимниң өзи яки зәрүр жағдайларда Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси қайтадан көрип шығады.

Қарақалпақстан Республикасы ҳүкиметиниң жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары менен өз-ара мүнәсибетлерин ҳуқықый жақтан тәртипке салыўшы жоқарыда атап өтилген қағыйдаларды талқылаў бул мүнәсибетлерди ҳәкимшилик бойсыныў, норматив-ҳуқықый тәртипке салыў, келисиў ҳәм муўапықластырыў сыяқлы формаларға ажыратыў имканын береди.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң орайлық мәмлекетлик басқарыў уйымлары ҳәм де жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары менен бир қатарда, демократиялық институтлар менен өз-ара мүнәсибетлерине де тоқтаўды лазым таптық.

«Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси ҳаққында»ғы нызамының 3-статьясында «Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси өз ўәкиллигине киретуғын мәселелер бойынша жәмийетлик бирлеспелер менен өз-ара мүнәсибетте болады ҳәм оларға әмелдеги нызамларға муўапық жәрдем көрсетеди», деп белгиленген. Буннан тысқары, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң жәмийетлик бирлеспелер, мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер менен өз-ара мүнәсибетлери Қарақалпақстан Республикасының 1991-жыл 29-июньде қабыл етилген «Жәмийетлик бирлеспелер ҳаққында»ғы нызамы менен де тәртипке салынған. Оған көре, жәмийетлик бирлеспелер өзлериниң ҳуқықлары ҳәм де нызамлы мәплерин қорғаў ушын ықтыярлы дүзилген бирлеспелер болып, өз жумысларында жәмийет турмысын еркинлестириў, конституциялық дүзимди беккемлеў жолында мәмлекетлик ҳәкимият пенен өз-ара мүнәсибетлер орнатады. Бул мүнәсибетлер, тийкарынан, мәмлекетлик ҳәкимиятты қәлиплестириў, оны әмелге асырыўда жәмийетлик қадағалаўды орнатыў, жәмийет турмысында сиясий плюрализмди тәмийинлеў, жәмийет ағзаларының сиясий белсендилигин арттырыў ҳәм улыўма инсаный қәдириятларды қәлиплестириўде жүзеге келеди. Соның ушын да мәмлекетлик ҳәкимияттың жәмийетлик бирлеспелер менен өз-ара бирге ислесиўи бас мақсетлерден бири болып табылады. Демек, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси атқарыўшы ҳәкимияттың жоқары уйымы сыпатында тиккелей жәмийетлик бирлеспелер менен ҳуқықый мүнәсибетте болыўы зәрүрлигиниң айрықша көрсетилгени тосыннан емес.

Жәмийетлик бирлеспелер ҳәм олардың мекемелери тәрепинен халықтың саламатлығы ҳәм әдебине, пуқаралардың ҳуқықлары ҳәм нызам менен қорғалатуғын мәплерине қәўип туўдыратуғын ҳәрекетлериниң нызамға муўапық қадағаланыўы да Қарақалпақстан Республикасының 1991-жыл 29-июньда қабыл етилген «Жәмийетлик бирлеспелер ҳаққында»ғы нызамында сәўлеленген ең тийкарғы қағыйдалардан бири есапланады.

Усы қағыйдалар мазмунында ҳүкимет ҳәм жәмийетлик бирлеспелердиң өз-ара мүнәсибетлерине тийисли белгили бир принциплер жыйындысының бар екенлигин атап өтиў мақсетке муўапық. Бул принциплер мазмуны жағынан мәмлекет тәрепинен жәмийетлик бирлеспелерге көмек бериў принципи, ҳүкимет ҳәм жәмийетлик бирлеспелердиң өз-ара бирге ислесиўи принципи, мәмлекеттиң демократиялық институтларды қоллап-қуўатлаў принципи, олардың жумысында бир-бириниң ишки ислерине араласпаў, яғный, олардың бийғәрезлиги принципи, жәмийетлик бирлеспелердиң өз қаржы дереклери ҳаққында мәмлекетлик уйымлар алдындағы есап бериўшилик принципи, жәмийетлик бирлеспелердиң мәмлекет тәрепинен дизимге алыныўы принципи сыяқлылардан ибарат.

Буннан тысқары, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң республика аймағындағы пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары менен өз-ара мүнәсибетлерине тоқтайтуғын болсақ, бул мүнәсибетлер Қарақалпақстан Республикасының 1998-жыл 29-январьда қабыл етилген «Министрлер Кеңеси ҳаққында»ғы нызамы ҳәм де Қарақалпақстан Республикасының «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы нызамы менен тәртипке салынған.

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларын демократиялық институт деп есапласақ, сондай-ақ, мәҳәлле сыяқлы ата-бабаларымыздан мийрас болып қалған қәдирият екенлигин итибарға алсақ, ҳүкимет дәрежесинде бул органларға ҳәр тәреплеме көмек бериў мәмлекеттиң тийкарғы функцияларынан екенлигине гүман қалмайды.

Усы көз-қарастан әмелдеги нызамның 6-статьясында пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысларын мәмлекет тәрепинен қоллап-қуўатлаў төмендеги тәризде белгилеп қойылған: «Мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы ушын зәрүр шараят жаратады, олардың жумысларына араласыўға жол қоймайды, пуқараларға өзин-өзи басқарыўға тийисли ҳуқықларды әмелге асырыўда көмеклеседи».

Нызамға көре, пуқаралар жыйыны өзи тастыйықлаған реже тийкарында жумыс алып барады. Нызамның 9-статьясында «Пуқаралар жыйыны ҳаққында»ғы режеге байланыслы талаплар беккемленген болып, ҳәр бир пуқаралар жыйыны хызметиниң өзгешеликлерин итибарға алған ҳалда, тастыйықланған «Пуқаралар жыйыны ҳаққында»ғы үлги Реже» тийкарында өз режесин қабыл етеди. Бунда «Пуқаралар жыйыны ҳаққында»ғы үлги Реже ниң ҳүкимет тәрепинен тастыйықланыўы мәмлекетимиз көлеминде мәҳәлле ҳәм өзин-өзи басқарыў органларының жумысларын шөлкемлестириўде, жергиликли атқарыўшы мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары менен мүнәсибетлерин кеңейттириўде ҳәм раўажландырыўда айрықша әҳмийетке ийе болады.

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының финанслық ҳәм хожалық жумысларының нызамлылығын қадағалаў ушын олар тәрепинен тексериў комиссиялары дүзиледи. Буннан тысқары, және бир өзине тән өзгешелиги, яғный, пуқаралар жыйыны тәрепинен дүзилиўи көзде тутылған ҳәкимшилик комиссияға тийисли аймақларда әмелге асырылған ҳуқықбузарлықлар бойынша әмелдеги нызам ҳүжжетлери тийкарында ҳәм де ўәкиллиги шеңберинде жумысларды көрип шығыў ўазыйпасы да жүклетилген.

## Екинши бап бойынша жуўмақлаў

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси менен *Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси арасындағы мүнәсибети* бул еки мәмлекетлик ҳәкимияттың өз-ара келисим, тынышлық, бирге ислесиў ҳәм есап бериўшилик пенен жумыс алып барыўы конституциялық дүзимниң турақлы болыўында айрықша әҳмийетке ийе.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси мәмлекеттеги барлық атқарыўшы ҳәкимият уйымлары, мәкеме ҳәм кәрханалар ҳәм де шөлкемлер системасын басқарар екен, бул арқалы жергиликли атқарыўшы

мәмлекетлик ҳәкимият уйымларына тиккелей ямаса улыўма басшылық етеди. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси менен жергиликли атқарыўшы ҳәкимият уйымларының өз-ара мүнәсибетлериниң ҳуқықый тәртиби «Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси ҳаққында»ғы (жаңа редакциядағы) нызамның 8-статьясында айрықша беккемленген

# ЖУЎМАҚ

Атқарыўшы ҳәкимияттың тийкарғы белгилери ҳаққында жоқарыда билдирилген пикир ҳәм усынислардан жуўмақ шығарып, атқарыўшы ҳәкимиятқа төмендегише тәрийп бериуимиз мүмкин.

1.Атқарыўшы ҳәкимият – Конституция ҳәм нызам тийкарында шөлкемлестирилетуғын, әмелдеги нызам ҳүжжетлериниң орынланыўын тәмийнлейтуғын, мәмлекеттиң экономикалық, социаллық ҳәм мәдений тараўларын раўажландырыў мәселелерин шешиўге бағдарланған, нызамшылық баслама хызметин әмелге асыратуғын ҳәм де улыўма ҳәм арнаўлы ўәкилликлер шеңберинде мәмлекеттиң пүткил аймағында ямаса белгили бир ҳәкимшилик-аймақлық бирлигинде орынланыўы улыўма мәжбүрий есапланған ҳуқықый ҳүжжетлер қабыл ететуғын мәмлекетлик ҳәкимият системасының өз алдына бийғәрез тармағы.

2.Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси — Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы ҳәм нызам ҳүжжетлери тийкарында шөлкемлестирилетуғын ҳәм олардың орынланыўын тәмийинлеў бойынша республиканың барлық аймағында улыўма мәжбүрий өзгешеликке ийе болған нызам асты ҳүжжетлерин қабыл етиў ўәкиллигине ийе болған, ҳүкимент Баслығы, оның орынбасарлары, министрликлер, мәмлекетлик комитетлер ҳәм мәкемелер басшыларынан ибарат қурамда атқарыўшы ҳәм басқарыўшы жоқары ҳәкимияттың бир пүтин системасына басшылықты әмелге асыратуғын, нызамшылық баслама ҳуқықынан пайдаланатуғын, атқарыўшы мәмлекет уйымларының бир пүтин системасын қамтып алған, өз хызметинде Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси алдында есап бериўши саналған, атқарыўшы ҳәкимияттың улыўма ҳәм арнаўлы компетенциясына ийе жоқары коллегиал уйым.

3. Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинети менен Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси арасындағы

мүнәсибетлердиң шөлкемлестириў механизмин Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинети жанында жумыс алып барып атырған Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң турақлы ўәкилханасы сәўлелендиреди. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Турақлы ўәкилханасы – Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинети, оның қурамына кириўши министрликлер, мәмлекетлик комитетлер ҳәм мекемелери арасындағы хожалық, мәдений ҳәм қурылыс тараўларында өз-ара рәсмий қатнасықларды тәмийнлеўши, өз хызмети бойынша Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси алдында есап бериўши, ўәкиллиги шеңберинде Қарақалпақстан Республикасы атқарыўшы мәмлекетлик уйымларының өз-ара бирге ислесиўин тәмийинлеўши, Өзбекистан Республикасында Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң мәплерин сәўлелендириўши, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси қурамына кириўши бийғәрез шөлкемлестириўшилик-ҳуқықый уйым.

4.Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң ҳуқық дөретиўшилиги хызмети ҳуқықты жаратыўға қаратылған рәсмий хызмет формасы сыпатында белгили бир басқышлардан ибарат болып, Қарақалпақстан Республикасы Конституциясы ҳәм нызам ҳүжжетлерине бойсынған ҳалда мәмлекет ҳәм атқарыў ўәкилликлерин әмелге асырыў ҳәм де оларды қолланыўды өз ишине алатуғын хызмет болып табылады. Қарақалпакстан Республикасы Министрлер Кеңеси нызам доретиўшилик жумысынын шөлкемлестириў механизмин жетилистириў усы тараўдағы ҳүкимет жумысының эффективлилигин асырыўдың әҳмийетли усылы есапланады. Усы мақсетте Қарақалпакстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси жанында Әмелдеги нызам ҳүжжетлери мониторинг орайын шолкемлестириўи – әхмийетли мәселелердиң бири есапланады.

5. Қарақалпакстан Республикасы атқарыўшы хәкимият уйымларының ҳуқықый жағдайын белгилеўши нормаларды жетилистириў мақсетинде “Қарақалпакстан Республикасы мамлекетлик ҳәкимияттың атқарыўшы

уйымлары ҳаққында”ғы нызам қабыл етиў керек. Бул нызам Қарақалпакстан Республикасы Министрлер Кеңеси, министрликлер, мамлекетлик комитетлер ҳәм басқа мамлекетлик ҳәкимияттың атқарыўшы уйымларының ҳуқықый жағдайы, олардын жумысының тийкарғы принциплерин тәртипке салады.

## Пайдаланылған әдебиятлардизими:

### 1. Басшы әдебиятлар

1.1. Каримов И. А. Ўзбекистон: миллий истиқлол, иқтисод, сиёсат, мафкура.Т.1. - Тошкент: Ўзбекистон, 1996.

1.2. Каримов И. А. Биздан озод ва обод Ватан колсин. Т.2. - Тошкент: Ўзбекистон, 1996.

1.3. Каримов И. А. Биз келажагимизни ўз кўлимиз билан курамиз. Т.7. - Тошкент: Ўзбекистон, 1999.

1.4. Каримов И. А. Ватан равнақи учун ҳар биримиз масъулмиз. Т.9. - Тошкент: Ўзбекистон, 2001.

1.5. Каримов И. А. Биз танлаган йўл - демократик тараққиёт ва маърифий дунё билан ҳамкорлик йўли. Т.11. - Тошкент: Ўзбекистон, 2003.

1.6. Каримов И. А. Бизнинг бош мақсадимиз – жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир. – Т., 2005.

1.7. Каримов И. А. Мамлакатни модернизапия қилиш ва иқтисодиётимизни барқарор ривожпантириш йўлида. Т.16. - Тошкент: Ўзбекистон, 2008.

1.8. Каримов И. А. Юксак маънавият - енгилмас куч. -Т.: Маънавият, 2008.

1.9. Ўзбекистон Республикаси Президенти И.А.Каримовнинг 2010 йил 12 ноябрдаги Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажлисидаги “Мамлакатимизда демократик ислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси” тўғрисидаги маърузаси // “Халқ сўзи” газетаси, 2010 йил 13 ноябрь сони

1.9. Каримов И.А. Демократик ислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини шакллантириш - мамлакатимиз тараққиётининг асосий мезонидир. Т. 19. -Тошкент: Ўзбекистон, 2011.

1.10. Каримов И.А. Ўзбекистон мустақилликка эришиш остонасида.-

Тошкент: Ўзбекистон, 2011.

1.11. Каримов И.А. Елимизди демократиялық жаңалаў ҳәм модернизациялаўға қаратылған раўажланыў жолымызды булжытпай даўам еттириў – бас мақсетимиз.// Өзбекистан Республикасы Конституциясы 22 жыллығына бағышланған салтанатлы мәресимдеги баянаты. –Еркин Қарақалпақстан , 6-декабрь, 2014.

1.12. И.А.Каримовтың Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палата ҳәм Сенаттың қоспа мажлисиндеги баянаты. 2015 ж.23 январь.- Еркин Қарақалпақстан, 2015 ж.,27 январь.

**2. Норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер**

2.1. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси.- Тошкент,2014.

2.2. Ўзбекистон Республикасининг «Референдум якунлари ҳамда давлат ҳокимияти ташкил этилишининг асосий принциплари тўғрисида»ги конституциявий қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. - 2002. - № 4-5. - 60-модда.

2.3. Ўзбекистон Республикасининг «Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг «Сенати тўғрисида»ги конституциявий қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. - 2002. - № 5. - 67-модда.

2.4. Ўзбекистон Республикасининг «Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Қонунчилик палатаси тўғрисида»ги конституциявий қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси., - 2002., - № 5., - 67-модда.

2.5. Ўзбекистон Республикасининг «Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамаси тўғрисида»ги қонуни (янги таҳрири) // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси - 2003. - № 9-10. - 138-модда.

2.6. .Қарақалпақстан Республикасы Конституциясы. – Нөкис, 2014.

2.7..Қарақалпақстан Республикасы «Жоқарғы Кеңеси ҳаққында»ғы Нызамы. – Нөкис, 1998.

2.8. Қарақалпақстан Республикасы «Министлер Кеңеси »ғы Нызамы. – Нукус. 1998.

2.9. Қарақалпақстан Республикасы «Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңес депутатының статусы ҳаққында»ғы Нызамы.- Нөкис, 2005.

## 3. Арнаўлы әдебиятлар

3.1.Азизхўжаев А. А. Давлатчилик ва маънавият. – Т.: Шарқ, 1997.

3.2.Айтниязов П. Қарақалпақстан – суверенли мамлекет. – Нөкис, 1993.

3.3.Ахмедшаева М. А. Ҳокимият тизимида ижро ҳокимияти. – Т.: ТДЮИ, 2007.

3.4.Ахунжанов Л. М. Становление и развитие национальной государственности Республики Каракалпакстан. – Т.: Ўзбекистон, 1992.

3.5.Бердиев Е. Т. Конституционно-правовые основы организации деятельности Жокаргы Кенеса Республики Каракалпакстан // Ёш олимлар илмий тўплами. – 2003. - № 3. – Б. 21-24.

3.6.Воҳидов З. Т. Ўзбекистон Республикасида ҳокимият бўлиниши принципининг амалий ифодаси: Юрид. фан. номз. ... дис автореф. - Тошкент, 2000.

3.7.Ерниязова Г.Е. Развития законодательства о правовом статусе Республики Каракалпакстан и проблемы его совершенствования: Автореф. дис. …канд.юр.наук. – Ташкент. 1993. С.20.

3.8.Кутыбаева Е. Д. Органы исполнительной власти Республики Каракалпакстан: Дис ... д-ра юрид.наук. - Ташкент, 1999.

3.9.Ниетуллаев С. Д. Совершенствование государственного строительства в Республике Каракалпакстане: опыт и проблемы: Автореф. дис ... д-ра юрид. наук. – Ташкент, 1993.

3.10.Ниетуллаев С. Д. Қарақалпакстан Республикасынын конституциялық ҳуқуқы – Нукус, 1996.

3.11.Рахманов А. Э. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг конституциявий-ҳуқуқий мақоми.// Юрид. фан. номз.... дис автореф. – Т.: ТДЮИ, 2008.

3.12.Султонов С.А. Органы государственной власти Республики Узбекистан: Становление и основные этапы развития (1917-1937 гг.): Автореф. дис. ... д-ра юрид. наук. - Ташкент, 1994.

3.13.Утемуратов М. А. Мустақил Ўзбекистон таркибида Қорақалпоғистон давлатчилигининг шаклланиши ва ривожланиши (назария ва амалиёт): Юрид. фан. номз. ... дис автореф. - Тошкент, 2004.

3.14.Ҳамедов И.А. Административное право Республики Узбекистан. – Ташкент. 2003.

3.15.Хашимхонов А.М. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг ҳуқуқ ижодкорлик фаолияти: назария ва амалиёт масалалари: Юрид. фан. номз.... дис автореф. - Тошкент: ТДЮИ, 2008.